Къэралэ псоми я пролетархэ, фызэгухьэт

ЛЕНИН ГЪУЭГУ

ЛЕНИНСКИЙ ПУТЬ

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КъБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 81 (16.672).

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 25, БЭРЭЖЬЕЙ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ

И уасэр кІэпІейкІи 3-тт.

РЕСПУБЛИКЭМ И ГУБГЪУЭХЭМ

«ІЭНЭ-ІЭТЭ ЗЭЩІАЛЪХЬАУЭ...»

Зэрызыубгъушхуэ щыІэкъым «Джэрмэнщык» колхозым и щІым, и ванІэр зэрыхъур гектар 1.800-рэ ирамыхъущ. Ауэ а гъавэ щІапІэ губгъуэшхуэм уихьэрэ, ящупльыхьмэ, гур хохъуэ. Гъатхэм и плъыфэхэр зыльэІэса хьэсэхэр щхьэхэпльыкІэщ.

Уи япэмкІэ уплъэмэ, сабэр кІийтауэ къакІуэ агрегатыр зыхэт щІы Іыхьэр гъуабжэ-фІыщІафэщ. Агроном нэхъыщхьэ Кіыщокъуэ Барэсбий зэрыжиІэмкІэ, а хьэсэм бэвгъэм и «пІэщхьагъыр» щагъэхьэзыру аращ. ЩІыІэрысу щавэм щІрагъэубыда минеральнэ удобренэм нэмыщІ, куэншыби куэду халъхьащ, ар щІы щхьэфэм фІыуэ хагъэзэрыхьащ. Абы къыхэкІыжа кІудей, диск хьэлъэхэр зыпыщІа тракторым къепсыхауэ, механизаторыр и лъэужьым ирогьлъэж.

Жылэр зэрыхалъхьэну куагъым хуэдизу ягъэщэбэжа хьэсэм «сабэр къыщызыІэтмэ» Іэужьыфі иІэщ. Абы щІы щхьэфэр зэтес дахэ ешІ, жыласэм «къыпэщІэувэну» зы ятІэ щакъыр ини хьэсэм къыхимынэу егъащабэ.

— Бетэмал, — жиІэу а псоми якІэтхопльэ Барэсбий, — хуабэ кІапэр ягъуэтамэ...

Къыбгурыуэ хъунущ Іэщ-Іагъэдэ нэхъыщхьэм и гурыгъур. Март махуэ хуабэ-ре, щІыбэныр, уэлбанэр къэнагъэущ. Игъуэ иеу къэмыхуэба щІы щхьэфэм жылэр хилъхьэ хъурэмэ: зэпэмыуэну хэфыхьынущ. Дэ щыІэ абы и ужькІэ мэкъумэшщІэм ипІэкІэгъэ-гуфІэгъуэм хуэдэ!

— Сыт хуэдэ гуфІэгъуэт, ар Барэсбий, — сыуопльэкІ зи гуныкъэ щхьэ-щхьэу къэзыхьэлэкІа Іэщ-Іагъэдэм.

— Апхуэдэ жуэзритыкІ! — жи. — Гектарым хуэзэу бжыгъэ гуэныр гектар 48,5-рэ хъуащ. Гектар 215-м щІэп щІыкІуэр къэтуващ.

— Мыкэр ахъшэщ, — жеІэ Іэщ-Іагъэдэм. — Фейдэ-шхуэкІэ дапщэщ. Гектар 215-м щІэп щІыкІуэр ягъэхьэзырыну, ягъэпсыкІыну, ягъэубыдэну, ягъэкІуэдыжыну, ягъэлъэпІэну, ягъэкІуэтэжыну, ягъэгъэсыну, ягъэущэхуну, ягъэущэхуну, ягъэущэху

хъщ. Абы къэзыхъэрэ щІэныгъэлІхэм, дизель хьалъхьэрэ трактористхэм къафэсІухуэ, механизаторыр и лъэужьым ирипльэж.

Жылэр зэрыхалъхьэну куагъым хуэдизу ягъэцэбэжахьэсэм «сабэр къыщызыхъумы» Іэужьыфі нІэщ. Абы щІы щхьэфэр зэтес дахэ ещІ, жылэсэм «къыщыцІэунэну» зы ятІэ шакъыр ины хьэсэм къыхимыпэу егъэщасэ.

— Бетэмал, — жиІэу а псоми якІэльопль Барэсбий, — хуабэ кІапэр ягъуэтамэ...

Къыбгурыуз хъунущ Іэщ1агъэлІ нахъыбхьэм и гурыуэр. Мары махуэ хуабэхэм, уэфІхэм апрелым, къэрн, щІыІэбжьыр, уэлбанэр къыпигъэуващ. Игъуэ нэсу къэмыхуэба щІы щхьэфэм жылэр хэпльхьэ хъуркъым: зэпэныкъуэу хэфыхьынущ. Дэнэ щыІэ абы и ужькІэ мэкъумэщыщІэм нэгьабэрей и гуфІэгъуэм хуэдэ!

— Сыт хуэдэ гуфІэгъуэт, ар Барэсбий, — сыхуоплъэкІ зи гупсысэр щэху-щэхуу къызыжьэдэкІа Іэщ1агъэлІым.

— Апхуэдэ къуэритынт! — жи. — Гектарым хуэзэу бжьыхьэсэ гуэдзу центнер 48,5-рэ. А бжыгьэр 51-м щынэса хьэси диІащ. Гъавапхъэ нартыхум — центнер 97-рэ, жылапхъэм, гибридым — 46-рэ. Ахэр планхэм хуэдитІкІэ щІегъу.

Дитщ губгъуэм, доплъхьэсхэм. Нэр щысыкІыу гъуэжьщ абыхэм ящыщ зыр. Рапсщ ар. Нышэдибэ гъунэ иралъащ — Іэщым ирагъэшхын щІадзащ. КъэкІыгъэ Іувлъагэм метрым щІигъу зи лъагагъ блын щхъуантІэ дахэу уІуоплъэ.

— Мыр хьэсэбгъущ, нэхъ дыкІуатэмэ, нэхъыбэ хъуну ди гугъэщ, — жеІэ Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэм. — Ауэ мыбдежми гектарым хуэзэу гуэдз цІынэ зэпыгъэлъэлъэу центнери 150-м щІигъу къыдет.

Колхозым и Іэщыр зыгъэхъэну а удзыр гектарищэм тетщ. Абы мы зэманым шэуэ къашым, лыуэ къалэжьым хигъэхъуащ.

Адэкіэ укІуатэмэ, гектар 350-м бжьыхьэсэ гуэдзыр, хьэр щоцэнауэ. Уолъагъу мэкъумэщыщІэ Іэкіуэлъагъэгъэхъуащ. Іэщ1агъэ яІэу мылажьэу щысхэм ящыщ куэдым Іэнатіэ ягъуэтащ.

Ульяновск. В. И. Лениным и Центральнэ музейм и Ульяновскэ филиалым историко-документальнэ выставкэ кІощызэІуахащ. Ар Владимир Ильич 1917 гьэм февралым-мартым ирагъэкІуэкІа политическэ лэжьыгъэм топсэлъыхь.

Алма-Ата. ЩІыщІэхэм щыІэ хозяйствэхэм жылапхъэхэр гъэхъэзырын яухащ. Мы гъэм колхозахэмрэ совхозхэмрэ трасэнур жылапхъэ хэпльхьэ зашІэщ. Абыхэм «Омская», «Казахстанская раннеспелая», «Казахстанская юбилейная» гуэдз лІэужьыгъуэхэр трасэнущ. ИрагъэкІуэкІа гъэунэхуныгъэм къызэригъэлъагъуамкІэ, ахэр зытрасэ хьэсэхэм гектар кІэщ центнерив 3—4-кІэ нэхъыбэ къытрах.

Ташкент. Ленинградскэ, Самаркандскэ къалэ Советхэм я лІыкІуэхэм Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ къалитІым я лэжьакІуэхэм туризмэм зегъэужьыным, пасэрей фэеплъхэр зэфІэгъэувэжыным гулъытэ хэха хуащІынущ. Апхуэдэу Ленинградскэ промышленнэ предприятэхэм я филиалхэр Самарканд къыщызэІуахынущ. Нева псым Іуэ къалэм оборудованэрэ технологиерэ кърашынущ. Самарканд щылэжьэну рабочэхэр Ленинград щагъэхьэзырынущ.

Владивосток. КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыІэ тенджызхэм я хэкІыпІэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным тепсэлъыхьащ мыбы махуиплІкІэ щекІуэкІа международнэ зэІущІэм хэтахэр. Японскэ, южнокорейскэ делегацэхэм советскэ лъэныкъуэм кърагащ предприятэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа проектхэр.

Алмалык (Ташкентскэ область). Химикхэмрэ металлургхэмрэ я къалэм дэс тэтэрхэм я бзэм зрагъэужьыну Іэмал ягъуэтащ. Ахэр мыбы къыщызІуаха курсхэм щедэкІощ.

Тбилиси. Петр Ильич Чайковскэр къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрыхъур Тбилиси щагъэлъапІащ. А махуэм и щІыхькІэ концертхэр къалэм и предприятэхэм, Іуэхущ1апІэхэм, организацэхэм щатащ. Композитор иным итха произведенэхэм щІыху минхэр ирагъэдэІуащ.

Иркутск. Областым и мэкъумэщыщІэхэм гъатхэсэм фІыуэ зыхуагъэхьэзыращ. Мы гъэм щІым псыгагъэ куэд игъуэтащ. Абы къыхэкІыу хозяйствэхэм я лэжьакІуэхэм къэкІыгъэ бэв кърахьэлІэну я мурадщ. Абыхэм псори зэхэту гъавэу, мэкъумылапхъэу гектар зы мелуанрэ мин 200-рэ трасэнущ.

Ржев (Калининскэ область). Къалэм и предприятэрэ организацэу 17 хэту Верхневолжье иджырей унэ комбинат щащІ. Абы и япэ чэзум илъэсым унэу метр зэбгъуэнатІэ мин 30 къыщІигъэкІынущ. А лэжьыгъэр мы гъэм яухыну я мурадщ. Зэрыщыту предприятэр щІын 1992 гъэм зэфІэкІынущ. ИтІанэ абы илъэсым унэ метр зэбгъуэнатІэ 50-м нэблагъэ хуэтынущ.

Тамбов. Электросварщик В. Коцюбэрэ и фызымрэ сабий пщыкІуз япІ. Абыхэм я унагъуэм иджыблагъэ машинэ иратащ. Машинэр унагъуэм езытар В. И. Лениным и цІэр зезыхьэ Советскэ сабий фондым и областной отделенэрщ.

Областым и профсоюз комитетхэм, нэгъуэщІ организацэхэм сабий куэд зиІэ унагъуэхэм я нэІэ грагъэтщ. Абыхэм унэ щхьэхуэхэр хуащІ. Тамбовскэ облисполкомым унафэ кІощтащ щІагъуэу хуэмыщІа унагъуэхэу сабиницым щІигъу зиІэхэм областной центрым дэт тыкуэнхэм пщІэ щІамыту гъэшхэкІхэр щыхуаутІыпщыну.

Тбилиси. Бэджэнд хабзэм тету лажьэ «Тетрони» производственнэ объединенэр зэгъэпэщыжын яухащ. Абы сабын тКІуатКІуэу, пастэу, шампуню тонн минибл илъэсым игъэхьэзырынущ. Ахэр къэкІыгъэ замылІэужьыгъуэхэм къыхащІыкІынущ.

Волгоград. Облисполкомымрэ «Ингра» югославскэ фирмэмрэ кардиологическэ центр ящІыну зэгурыІуащ. Лэжьыгъэм текІуэдэну ахъшэр лэжьакІуэ коллективхэм планым и лейуэ игъэхьэзырауэ нэгъуэщІ къэралхэм щащэну продукцэм къыпэкІуэнущ.

Киев. Мыбы къыщызэІуаха «Фарфор-90» международнэ выставкэм ди Хэкум щащІа хьэкъущыкъу замылІэужьыгъуэхэр щагъэлъагъуэ. Абы къэралибгъуэ щыщ предприятэрэ фирмэу 55-рэ хэтщ.

Алма-Ата. Казахстаным щрагъэкІуэкІа республикансэ субботникым хэтахэм Арал тенджызыр къегъэлыныкІэ фондым сом мелуанищым щІигъу халъхьащ. А ахъшэр трагъэкІуэдэнущ экологическэ щытыкІэ шынагъуэ къыщыхъуа щІыпІэм, природэр хъумэн, социальнэ Іуэхугъуэхэр щызэфІэгъэкІыным. Мыхьэнэшхэ зиІэ а Іуэхум хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ, сом мелуан мыкъуэм щІигъу, хуащІащ Джамбулскэ областым и коллективхэм. Чимкентскэ областыр жыджэру щужь ихьащ Сырдарья хэхуэ псы щІыкІухэр гъэкъэбзэным.

ТЭРЧ РАЙОНЫМ ЩЫІЭ КООПЕРАТИВХЭМ

ЗЫГЪЭПСКІЫПІЭР ХЬЭМЭМ ЯЩІАЩ

Къалэм щыІэ зыгъэпскІыпІэм фейдэ кърымыту екІуэкІащ, абы щІыхуиху щылажьэ пэтми. Навильоным фэ зэрытемытым, штукатуркэр къызэрыкІэрылъэлъым къыхэкІыу абы щІыхуэзэ щІагъуэу кІуэртэкъым. Арати, Караев Асльэн зи унафэщІ «Кристалл» кооперативым унэр къыІихри зыхуей хуигъэзащ — зыгъэпскІыпІэр хьэмэм ящІащ. Иджы абы хэтщ саунэ, бассейн, трэнаж щащІ пэш, шей ефапІэ.

БЖЬЫНЫХУМ КЪЫХАЩІЫКІ

Ерыскъыхэлъхьэхэр щагъэхьэзыр Плановскэ къуажэм Качахидзе А. и унафэм щІэту щылажьэ «Гъатхэ» кооперативым. Абы и продукцэр къызыхахыр колхозым и хьэсэхэм, унагъуэхэм яхуэбагъуэ бжьыныхурщ. Мыбы бжьыныхупс щащІ, бжьыныхур щагъэгъу. Ахэр консерв заводхэм хурагъашэ.

ЩЫГЪЫН ЕД

«Турист» комбинатым и кооператив Хочиев Д. Красноармейскэ къуажэм къыщызэІуиха нэужь унэгуащэ куэдым лэжьапІэ яІэ хъуащ. Иджы абыхэм щыгъын зэмылІэужьыгъуэхэр яд. Кооперативыр къэрал заказым и хьэсэхэм, унагъуэхэм яхуэбагъуэ бжьыныхурщ. Мыбы бжьыныхупс щащІ, бжьыныхур щагъэгъу. Ахэр консерв заводхэм хурагъашэ.

ЩЫГЪЫН ЕД

«Турист» комбинатым и кооператив Хочиев Д. Красноармейскэ къуажэм къыщызэІуиха нэужь унэгуащэ куэдым лэжьапІэ яІэ хъуащ. Иджы абыхэм щыгъын зэмылІэужьыгъуэхэр яд. Кооперативыр къэрал заказым и лэжьакІуэ.

Щалэгъуалэм папщІэ, ахъуэдэу щыгъынхэр яд Дей къуажэм Жылэхьэж Заур и унафэм щІэту щылэ «Терчанка» кооперативым щылажьэхэми.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ Тэрчым и кооперативхэм гъэ блэкІам хьэпшып ягъэхьэзыру, Іуэхутхьэбзэ ящІэу сом мелуани 3,5-рэ къызэралажьар.



«Севкавэлектроприбор» объединенэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм ящыщ Батыр ФатІимэ (сурэтым). Ар зи къалэнхэр хъарзынэу зыгъэзащІэ, зыхэт гупым щапхъэ яхуэхъу щІыхуб гумызагъэщ.

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

ДЭ КЪЫТХУАТХ

ДЫАДЫГЭЩ

Сэ игъащІэм фи деж сынэтхакъым. Ар иджы сигу къэзыгъэкІар Сухуми си нэгу щыщІэкІа Іуэхугъуэрщ. Абы дыкІуауэ Щодижэнщ1ыкІу Алий и цІэкІэ щыІэ Къэбэрдей къэрал драматическэ театрым зыкъыщигъэлъагъуэу дрихьэлІащ. Ди анэдэлъхубзэкІэ екІуэкІ спектаклым дэ сытым хуэдэу дигъэгуфІа! ЗанщІэу ди дэрэжэгъуэм хахъуат, гукъыдэжым зыкъиІэтат.

Сэ абы куэд сигу кънгъэкІыжащ. Сэ сышэрдижэ щІалэщ. Ауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ фи газетыр щІызодикІ. КБГУ-м и мэкъумэщ факультетым сыщІэсу абы еджэн щІэздзащ. Куэди сигу ирохь, ауэ гуекъуэу гуэрхэри симыІэу сыкъэнэркъым.

Япэ дыдэу фи щІыналъэм сынэтхащ, ди къуэш къэбэрдейхэм сащыхуэзам, сипсалъэкІэкІэ тІэкІу сакъыхэщ хуэдэу щытти, си ныбжьэгъущІэхэр къызэупщІащ дэнэ ущыщ жаІэри. Сызэрыщэрдижэсыр щажесІэм, уадыгэ ди гугъати, жари хуабжьу ягъэщІэгъуат. Ар сэ си жагъуэ дыдэ хъуат. Адыгэр сэращ, фэ фыкъэбэрдейщ, яхуэздэртэкъым сэ зэбхэм. Дэ адыгэщІэм щхьэкІэ дызэдауэрт. Ауэ мыхьэнэншэу дызэныкъуэкъурт — дэри фэри дыадыгэ къабзэщ, дыадыгэ лъэпкъщ. Сэ сызэрепсэлъымкІэ, къэбэрдей, щэрджэс лъэпкъ щыІэкъым, ахэр нэгъуэщІхэр адыгэхэм къызэрыдэджэ щІэщ.

Сэ абы щыгъуэ хуабжьу си жагъуэ хъурт адыгэ къабзэхэр лъэпкъ зырыз дыкъыхэкІауэ къызэрытщыхъужыр, дахэ-дахэу дызэрыщыхуу зэрыщымытыр. Дэ сыт ди лажьэ — гъащІэ дыджым, зэман хьалъхэм анэдэлъ дызэкІэщІачащ, щІыпІэ зырызым дыкъагъэнащ.

Иджы а дыщІызэдауэу щыта зэманыр сигу къызогъэкІыжри, си дыхьэшхыни къокІуэ, сыкъыщиудын къудейуи си гур къызэфІонэ. Ди тхыдэр дахэ-дахэу дымыщІэжу, ди бзэр, хабзэхэр кІуэдыжыным нэсауэ щытащ. Ауэ иджы дунейр нэхъ «къызэрывыкам» и фыщІэкІэ нэхъ дызэрыщІэ, ди Іэхэр нэхъ зэрытхьэщІ хъуащ, ди адыгэбзэри хабзэхэри зэрытІыгъыжыным дыхуэушащ, дыхущІокъу.

Хуабжьу си гуапэ мэлъу а Іуэхум «Ленин гъуэгур» жыджару зэрыхэтыр. ИкъукІэ гуапэщ «Си адыгабзэ, си анэдэбзэ» рубрикэм щІэту. «Хабзэ. Нэмыс» напэкІуэцІым къытехуэ тхыгъэхэр. Сэ сызэреплъымкІэ, ахэр нэгъуэщІхэр адыгэхэм къызэрыдэджэ щІэщ.

Адыгэхэм артист гъуэздджэхэр диІэщ. ТІыхъужь Алий, Токъуий Хъусен, Дышэкі Кіунэ, Мысостышхуэ Пщыхэбий, Жьакіэмыхъу Кіунэ, нэхъ щІалэхэу Балъкъэр Юрэ, Кіэмырзуей Валентин, Щэрмэт Людэ, Мэшыкъуэ Фенэ, Балъкъыз Валерэ, нэгъуэщІ куэдми Къэбэрдейм и мызакъуэу дэри дрогушхуэ. Ди гуапэу додаІуэ Гъэсашэ Наталье, Уэтэр Толэ, Мэремыкъуэ Хъусен, нэгъуэщІхэми я макъ гуапэхэм. Абыхэми нахъыбэрэ тетхыхьамэ хъунт.

ИкъукІэ ди гуапэщ ди областым теухуахэр фи газетым, фи республикэм теухуахэр ди газетым къытехуэ зэрыхъуар, ди газетхэм я номер зэгуэтхэр зэрыфщІыр.

Арэщи, нэхъри дызэкъэгъэувэ, дызэрывгъэпсалъэр сфІэмащІэщ. Адыгэхэм нэхъ куууэ, зыубгъуауэ я тхыдэр ящІэжын хуейщ. Абыкіэ тхылъ щІагъуэ щыІэкъым. Къэнэжыр газетыр нэхъыбэу къэгъэсэбэпынырщ. Сэ икъукІэ сфІэгъэщІэгъуэну сыкъеджащ Сыкъун Хьасэн, Бетыгъуэн Іэуес сымэ нэгъуэщІ къэрал щыпсэу адыгэхэм ятеухуауэ ятхыжахэм. Ахэр си гуапэу си къуажэгъухэми езгъэлъагъуащ. Апхуэдэхэм пыщэн хуейуэ къызолъытэ.

ДЭБАГЪУЭ Ехьа.
Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэбэз районым щыІэ Жьэкуэ къуажэ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ

Красноярск. Ракетно-космическэ кхъухьлъатэхэр щІынымкІэ конструктор нэхъыщхьэу щыта Королев С. П. мыбы фэеплъ щыхуагъэуващ. Опытно-конструкторскэ бюром и филиал Красноярск дэтащ. Королев С. П. кънІэта жэрдэмым ипкъ иткІэ къалэм и предприятэхэм ящыщ зым щІым и спутник Іэрыщіхэм я пкъыгъуэхэр егъэхьэзыр.

Ленинакан (Армянскэ ССР). Щыр хуабжьу щыхъеяуэ щыта мы къалэм «Кообут» польскэ фирмэм поликлиникэ ин щичхуэу щІидзащ. Ар щІын яухмэ, зы махуэм щІыху минищІым щІигъу екІуалІэ хъунущ. Медицинскэ Іуэхущ1апІэр Польшэм и правительствэм, католическэ чІисэм, общественнэ организацэ зыбжанэм я ахъшэкІэ ящІ.

Донецк. Лэжьапіэ лъыхъуэхэм ядэІэпыкъун мурадкІэ мыбы жармыкІэ щрагъэкІуэкІащ. Ар сэбэпышхуэ хъуащ. Іэщ1агъэ яІэу мылажьэу щыхэм ящыщ куэдым Іэнатіэ ягъуэтащ.

Ульяновск. В. И. Лениным и Центральнэ музейм и Ульяновскэ филиалым историко-документальнэ выставкэ кІощызэІуахащ. Ар Владимир Ильич 1917 гьэм февралым-мартым ирагъэкІуэкІа политическэ лэжьыгъэм топсэлъыхь.

Алма-Ата. ЩІыщІэхэм щыІэ хозяйствэхэм жылапхъэхэр гъэхъэзырын яухащ. Мы гъэм колхозахэмрэ совхозхэмрэ трасэнур жылапхъэ хэпльхьэ зашІэщ. Абыхэм «Омская», «Казахстанская раннеспелая», «Казахстанская юбилейная» гуэдз лІэужьыгъуэхэр трасэнущ. ИрагъэкІуэкІа гъэунэхуныгъэм къызэригъэлъагъуамкІэ, ахэр зытрасэ хьэсэхэм гектар кІэщ центнерив 3—4-кІэ нэхъыбэ къытрах.

Ташкент. Ленинградскэ, Самаркандскэ къалэ Советхэм я лІыкІуэхэм Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ къалитІым я лэжьакІуэхэм туризмэм зегъэужьыным, пасэрей фэеплъхэр зэфІэгъэувэжыным гулъытэ хэха хуащІынущ. Апхуэдэу Ленинградскэ промышленнэ предприятэхэм я филиалхэр Самарканд къыщызэІуахынущ. Нева псым Іуэ къалэм оборудованэрэ технологиерэ кърашынущ. Самарканд щылэжьэну рабочэхэр Ленинград щагъэхьэзырынущ.

Владивосток. КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыІэ тенджызхэм я хэкІыпІэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным тепсэлъыхьащ мыбы махуиплІкІэ щекІуэкІа международнэ зэІущІэм хэтахэр. Японскэ, южнокорейскэ делегацэхэм советскэ лъэныкъуэм кърагащ предприятэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа проектхэр.

Алмалык (Ташкентскэ область). Химикхэмрэ металлургхэмрэ я къалэм дэс тэтэрхэм я бзэм зрагъэужьыну Іэмал ягъуэтащ. Ахэр мыбы къыщызІуаха курсхэм щедэкІощ.

Тбилиси. Петр Ильич Чайковскэр къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрыхъур Тбилиси щагъэлъапІащ. А махуэм и щІыхькІэ концертхэр къалэм и предприятэхэм, Іуэхущ1апІэхэм, организацэхэм щатащ. Композитор иным итха произведенэхэм щІыху минхэр ирагъэдэІуащ.

Иркутск. Областым и мэкъумэщыщІэхэм гъатхэсэм фІыуэ зыхуагъэхьэзыращ. Мы гъэм щІым псыгагъэ куэд игъуэтащ. Абы къыхэкІыу хозяйствэхэм я лажьакІуэхэм къэкІыгъэ бэв кърахьэлІэну я мурадщ. Абыхэм псори зэхэту гъавэу, мэкъумылапхъэу гектар зы мелуанрэ мин 200-рэ трасэнущ.

Ржев (Калининскэ область). Къалэм и предприятэрэ организацэу 17 хэту Верхневолжье иджырей унэ комбинат щащІ. Абы и япэ чэзум илъэсым унэу метр зэбгъуэнатІэ мин 30 къыщІигъэкІынущ. А лэжьыгъэр мы гъэм яухыну я мурадщ. Зэрыщыту предприятэр щІын 1992 гъэм зэфІэкІынущ. ИтІанэ абы илъэсым унэ метр зэбгъуэнатІэ 50-м нэблагъэ хуэтынущ.

Тамбов. Электросварщик В. Коцюбэрэ и фызымрэ сабий пщыкІуз япІ. Абыхэм я унагъуэм иджыблагъэ машинэ иратащ. Машинэр унагъуэм езытар В. И. Лениным и цІэр зезыхьэ Советскэ сабий фондым и областной отделенэрщ.

Областым и профсоюз комитетхэм, нэгъуэщІ организацэхэм сабий куэд зиІэ унагъуэхэм я нэІэ грагъэтщ. Абыхэм унэ щхьэхуэхэр хуащІ. Тамбовскэ облисполкомым унафэ кІощтащ щІагъуэу хуэмыщІа унагъуэхэу сабиницым щІигъу зиІэхэм областной центрым дэт тыкуэнхэм пщІэ щІамыту гъэшхэкІхэр щыхуаутІыпщыну.

Тбилиси. Бэджэнд хабзэм тету лажьэ «Тетрони» производственнэ объединенэр зэгъэпэщыжын яухащ. Абы сабын тКІуатКІуэу, пастэу, шампуню тонн минибл илъэсым игъэхьэзырынущ. Ахэр къэкІыгъэ замылІэужьыгъуэхэм къыхащІыкІынущ.

Волгоград. Облисполкомымрэ «Ингра» югославскэ фирмэмрэ кардиологическэ центр ящІыну зэгурыІуащ. Лэжьыгъэм текІуэдэну ахъшэр лэжьакІуэ коллективхэм планым и лейуэ игъэхьэзырауэ нэгъуэщІ къэралхэм щащэну продукцэм къыпэкІуэнущ.

Киев. Мыбы къыщызэІуаха «Фарфор-90» международнэ выставкэм ди Хэкум щащІа хьэкъущыкъу замылІэужьыгъуэхэр щагъэлъагъуэ. Абы къэралибгъуэ щыщ предприятэрэ фирмэу 55-рэ хэтщ.

Алма-Ата. Казахстаным щрагъэкІуэкІа республикансэ субботникым хэтахэм Арал тенджызыр къегъэлыныкІэ фондым сом мелуанищым щІигъу халъхьащ. А ахъшэр трагъэкІуэдэнущ экологическэ щытыкІэ шынагъуэ къыщыхъуа щІыпІэм, природэр хъумэн, социальнэ Іуэхугъуэхэр щызэфІэгъэкІыным. Мыхьэнэшхэ зиІэ а Іуэхум хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ, сом мелуан мыкъуэм щІигъу, хуащІащ Джамбулскэ областым и коллективхэм. Чимкентскэ областыр жыджэру щужь ихьащ Сырдарья хэхуэ псы щІыкІухэр гъэкъэбзэным.

КПСС-м И ЦК-м ПАРТЫМ И XXVIII СЪЕЗДЫМ ХУИГЪЭХЬЭЗЫРА ПЛАТФОРМЭМ ДЫТОПСЭЛЪЫХЬ

ПщIэр къызэрахьыр Іуэхукlэщ

КПСС-м и ЦК-м партым и XXVIII съездым ирихьэлIэу игъэхьазыра платформэм, КПСС-м и Уставым я проектхэм, КПСС-м и ЦК-м къэралым и коммунистхэм яхуитха письмом мелуан куэд хъу коммунистхэм я мызакъуэу, ди Хэку иным ис цIыху псоми кууэ щыгъуазэ заIщI, ахэр мыхьэнэшхуэ зиIэ политическэ документ гъуэгъэджэу къалъытэ. Абыхэм зареплъ щIыкIэм топсэлъыхь Ленинскэ комсомолым и цIэкIэ щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэр алмаз Iэмэпсымэ заводым и партком комитетым и секретарь **Къазий Николай:**

— Ди къэралми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм дэ кууэ драгъэгупсыс КПСС-р зэрыт щытыкIэ гугъум кIуэкIа, зэхъуэкIыныгъэм пыщIа Іуэхугъуэхэр щIэгъэхуэбжьа зэрыхъуну щIыкIэм.

Мыбдежым жыIэпхъэщ зэхъуэкIыныгъэм и илъэсхэм ди партыр щытыкIэ гугъум зэрнувар. Ди партыр зэхъуэкIыныгъэм и къызэгъэпэщакIуэу, ар ипэкIэ зыгъэкIуатэ къарууэ зэрыщытыр нарылъагъущ икIи абы и фIыгъэщ цIыхухэм я общественно-политическэ жыджагъым зэрыхэхъуар, демократизацэмрэ нахуагъэмрэ зэрызаубгъур. Абы къыдалIуэу обществэм игъуэт зыужьыныгъэм, социально-экономическэ Іуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыхъум, зэхъуэкIыныгъэр кIыхьлIыхьу зэрекIуэкIам арэзы утехъуэ хъунукъым.

ЗэхъуэкIыныгъэр обществэми партми зэрыщекIуэкI щIыкIэрщ зытеухуауэ щытари ди заводым и подразделенхэм я парт организацэхэм щызэхэта отчетно-хэхыныгъэ собранхэри. Парт собранхэм апхуэдэу щхьэгъуэу дыщытепсэлъыхьащ зэхъуэкIыныгъэмрэ политическэ реформэмрэ зэпымыуэ куу щыхъу щытыкIам щитым парт организацэхэм, коммунистхэм я мыхьэнэр, я пщIэр, жэуапIныгъэр къэIэтынымкIэ, партым и Іуэхур пхыгъэкIынымкIэ къэув къалэнхэм.

Зыкlи захуагъэнъым социализмэм нахъапэхэм къыщыхъуа Іуэху мышхьэпэхэр хэзыгъэбзэныжымкIэ ф ы н, зэхъуэкIыныгъэм и политическэ унэтIыкIэ, обществэм и къару нэхъыфI псори зэщIэзыгъэуIуэфын къарууэ партыр щымытфыну язныкъуэхэм къагъэуву зэрыщIадзар.

Сэ сызэреплъымкIэ, нобэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу къэувыр обществэр къэгъэщIэрэщIэжыным партым щIыгъын хуей увыпIэрщ, абы и идейнэ, организационнэ зэкъуэтыныгъэрщ, лъэхъэнэщIэм КПСС-м и идеологием и унэтIыкIэ хъунырщ.

Мы зэманым ди заводым и машIэкъым жыджэрагъ яхэлъу, зы мурад пыухыкIам тету зи лэжьыгъэр зыунэтI цеховэ парт организацэхэр, коммунистхэр. Ахэр Iэкlуэлъакlуэ хуэхъуащ парт лэжьыгъэм и политическэ унэтIыкIэм икIи я псалъэмрэ я Іуэхумрэ зэтехуэу я парт, производственнэ къалэнхэр ягъэзащIэ.

Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, язныкъуэ коммунистхэм «зыIэщIагъэгъупщыкI» зэхъуэкIыныгъэм щагъэзэщIэн хуей къалэныр, хэти къыщыпсалъэкIэ къегъэув «зэхъуэкIыныгъэ» лъэпкъ щымыIэ хуэдэу. Дэ ди Іуэхур къакIуэу нэгъуэщIым тхуигъэнакъым, дэ дымыщIэж нэужьмэ,

Нобэ цеховэ, пэщIэдзэ парт организацэхэм я секретархэм Iэмал псори яIэщ я щхьэ я унафэ ящIыжыну, творческэу лэжьэну. Ищхьэкlэ кънкIыну унафэм Іуэхугъуэ псомкIи пэплъэн хуейкъым, атIэ дэ езыхэм жэрдэм къыхэтлъхьэну ди щIэ къыдохуэ. Сэ инъукIэ си фIэщ мэхъу хэт парт органхэм хэтхэри цIыхухэм щIэх-щIэныгъэ щылажьэ Iэнатlэхэм щахуэзэн, я Іуэху еплъыкIэр, я псэукIэр, мурадыр зрагъэщIэн зэрыхуейр.

Хэт и дежкIи щэхукъым ди партым щыугъэ зэрыIэщIэкIар икIи абы утепсэлъыхьын папщIэ щхьэусыгъуэхэр зэрыщIэр. Сэ сызэреплъымкIэ, нэхъыбэу ар къызыхэкIыр нобэр къыздэсым ди партым езым и закъуэ обществэм щекIуэкI Іуэхугъуэ псори иунэтIу, унафэ хуищIу зэрыщытарщ.

Партым хэмытхэм КПСС-м и пщIэр къызэралъытэр абы и унафэхэм, центральнэ, щIыпIэ органхэм я дэжьыгъэм и закъуэкъым, атIэ язныкъуэ коммунистхэм я Іуэхущlафэхэмкlэщ, псом янэу езыхэм къадэлажьэхэмкIэщ. Ауэ сытми жаIэркъым: уэ узэрыкомунистыр щIэзгъэзэщIэн хуей къалэныр, хэти къыщыпсалъэкIэ къегъэув «зэхъуэкIыныгъэ» лъэпкъ щымыIэ хуэдэу. Дэ ди Іуэхур къакIуэу нэгъуэщIым тхуигъэнакъым, дэ дымыщIэж нэужьмэ,

Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ КПСС-м и Уставым къахуигъэув Іуэхугъуэхэмрэ зыбгъэдэт лэжьыгъэмрэ зарагъэзащIэмкIэ, коллективым щыщыIэ психологическэ щытыкIэмкIэ коммунистхэм я отчет едэIуэным.

Нужьрей илъэситIым дэ парткомым и заседанэхэм дыщедэIуащ цех №№ 6-м, 13-м я унафэщIхэу Похоруков В. М., АфIэунэ С. Хь., отделхэм я начальникхэу Попов В. А, Къуэдзокъуэ Ю. П., Даниловэ А. А. сымэ, нэгъуэщI коммунистхэми я отчет, псори зэхэту щIыху 17-м. Абы къыхэкIыу платформэм и проектым хэгъэхьэныкIэ Іуэхугъуэ зыбжанэ къыхэслъхьэнуг.

Сэ сызэреплъымкIэ, пэщIэдзэ парт организацэхэм хуитыныгъэ етын хуейщ партым хагъэхьэныкIи, хагъэкIыжынымкIи, собранэхэр щригъэкIуэкIыну пIалъэхэр езым игъэувыжынымкIэ, делегатхэмрэ парт органхэм хэтынухэмрэ хихынымкIэ, ахэр хигъэкIыжынымкIэ; персональнэ Іуэхухэм хэпльэнымкIэ, коммунистхэм я унафэкIэ парт взыскэнщIэ Іыхьэ езыр зыхуейхэмкIэ кIигъэсэбэпынымкIэ, мылажьэ пенсионерхэм взносэрат щIыкIэм и хабзэм хэпльэнымкIэ.

Сэ сфIэтэмэмкIым платформэм и проектым щIалэгъуалэм патриотическэ гъэсэныгъэ етыным, анхуэдэу СССР-м Iэщэкlэ Зэщlэузэда и Къарухэм теухуауэ зыри къызэрыщымыгъэлъэгъу а р. А Іуэхугъуэхэр Iэмал имыIэу абы хэгъэхьэн хуейуэ къызолъытэ.

Дэтхэнэ зы цIыхуми елъагъу зэхъуэкIыныгъэр къыхуеджэныгъэ къудейуэ зэрыщымытыр, ар куэд къызэщIэзубыдэ зарыгъэуIуэшхуэр. ИкIи ар зэгъэхъулIэным хуэунэтIауэ Коммунистическэ партым къыпещIытымрэ илэжьымрэ хуэдиз зыхуэзэфIэкIын нэгъуэщI политическэ къару щыIэкъым. Абы папщIэ дэ, КПСС-м хэтхэм, зытхъуэжьи, кIийгуэ унафэ щIыкIэм дыкъыпыкIын, демократическэ лъабжьэм тету КПСС-м и гъэщIэр дыхуэн хуейщ.

КПСС-м и ЦК-м и платформэм и проектым къэралым зыщызыубгъуа Іуэху еплъыкIэщIэхэр щызэхуэхъэсащ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр пэт сатырхэм я демократическэ зэхъуэныныгъэ щыIэныгъэ, обществэр революционнэу къэгъэщIэрэщIэжыныгъэ, абыкIэ яхь жэуапIныгъэр фIыуэ зыхэлъ щIэу коммунистхэм я политическэ пащэныгъэр яIыгъыжынырщ.

ЕМЫШ Хъэдис.

СЕССИЕР ЗЭПАГЪЭУН ХУЕЙ ХЪУАЩ

ЕтIуанэ зэIущIэр къызэрыхэIуахыу д е п у т а т х э м я ящыщ зы къэтэджи къыхилъхьащ япэ зэIущIэм къыщащта унафэ псори якъутэжыну: къызэрыщIэкIымкIэ, законыр къызэпаудат — райсоветым и председателыр хамыхыу исполком къызэрагъэпэщащ. НэгъуэщI депутатым ар диIыгъакъым — къыхилъхьащ нэхъапэм къащта унафэ псори къагъэнэжыну. Иужьк!э мыхуэдэу зэгурыIуащ: райсоветым и председателыр хахыну, итIанэ ар исполкомым хаха цIыхухэмкIэ арэзы мыхъумэ, щIэрыщIэу кандидатхэм хэплъэжыну.

Арати, яужь ихьащ цIыхубэ депутатхэм я Аруан райсоветым и председателыр хэхыным. Псалъэмакъ иращIэкIамкIэ гурыIуэгъуэ хъуат а щIэуэ щыт къулыкъум районым и гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэну. Депутат Бацу Т. къеджащ КПСС-м и райкомым и япэ секретарь депутат Жаным Р. район Советым и председатель къулыкъум хахыну гъэлъэгъуэным теухуауэ оргкомитетым къищта унафэм. Зэресам хуэдэу депутатхэр хъазыр къыщIэIуIт къагъэлъэгъуа кандидатурэм зэуэ арэзы техъуэну. Зыгуэрхэм щIадэат а кандидат зэкъуэм тепсэлъыхьын. Ауэ абыкIэ арэзы хъуакъым депутатхэу Балъкъыр Замиррэ Чэт Юрэрэ.

— ЦIыхур щэныфIэу щытын хуейщ, — жиIащ депутат Чэтым. — Ауэ общественнэ гъащIэм зыбгъэщаныфIэу, зыбгъэнэмысыфIэу ухэт хъунукъым. Сэ къызолъытэ Іуэхум сызэреплъым депутатхэр щIэгъаза щIын хуейуэ. Зыхэдэн яIэн папщIэ сэ си кандидатурэр депутат Жаным и кандидатурэм пызогъэув. Апхуэдэу къыхызолъхьэ ди программэхэм, япэ щIыкIэ федэIуэну.

Депутат Жаным жиIащ къыпеуэм зэрыщымышынэр. Арщхьэкlэ къыхилъхьащ райсоветым и председателыр хаха нужь ялэжьынухэм я программэхэм едэIуэнхэу. Депутатхэр абыкIэ арэзы хъуакъым. Унафэ къащтащ Iэ яIэтын инэу къихуэу кандидатурэми едэIуэну.

Япэ щIыкIэ къэпсэлъащ Жаным Руслан. Абы и программэм щыубзыхуат:

— сабий щаIыгъ Іуэхущlапlэхэр яухуэкIэрэ лажьэкIуэхэм и бжыгъэр гъэбэгъуэн (нэгъуэщIу жыпIэмэ, анэхэм Iэмал етын IэнатIэ пэрыувэну);

— цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, физкультурэм, спортым, сатум, связым, н. къ. гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын;

— предприятэхэмрэ хозяйствэхэмрэ я дэIэпыкъуныгъэкIэ егъэджакIуэхэмрэ сабий сад-яслъэхэм я гъэсакIуэхэмрэ унэ хуэзухуэн;

— районым инвестиционнэ политикэр къанэ щIымыIэу щызэхъуэкIын;

— районым и жылагъуэхэм я школхэм яхуримыкъу егъэджакIуэхэм я бжыгъэхэр убзыхун икIи а щIыпIэхэм щыщ ныбжьыщIэхэр еджакIуэ ягъэкIуэн, стипендие ираткIэрэ;

— социалистическэ законностымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным хущIэкъун;

— къалэхэмрэ къуажэхэмрэ фадэ щащэ дежурнэ тыкуэнхэр къыщызэIухын, ахэр сыхьэт 23-м нэсыкIэ лэжьэн хуэдэу. Ардыдэмкlэ сондэджэрхэр цIыхухэм ахъщэ лей IэпIагъэкIыну Iэмал яIэжынукъым;

— районым щыпсэу лъэпкъхэм я закъуэщ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэн.

Программэм щыубзыхуа нэгъуэщI Іуэхугъуэхэми къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIа нэужь депутат Жаным-мыр тIысыжащ. Псалъэпэм ихьащ абы и ныкъуэкъуэгъур — партым и райкомым и секретарь депутат Чэтыр. Мис абы и программэм щыщ Іыхьэхэр:

— ищхьэкIэ щыIэ центрым и жыIэм емыдаIуэ, псалъэкIэ мыхъуу, Іуэхукlэ зи щхьэ унафэ хуэзыщIыкыф, районым и социально-экономическэ лэжьыгъэм пыщIауэ махуэ къэс къыкъуэкI къалэнхэр зэфIэзыгъэкIыф власть органхэу Советхэр щытынырщ къызэгъэпэщын;

— цIыхухэм я фIэфIыныгъэхэр Советхэмрэ референдумхэмкIэ тыныу пхыгъэкIыфынырщ къызэгъэпэщын;

— цIыхухэм я пащхьэм отчет щытын, абыхэм я кIэлъыплъынырщ щIэтын;

— Советхэмрэ предприятэхэмрэ я зэхущытыкIэхэр выухыкIауэ убзыхун. Абы Iэмал къитынущ щхьэж и щIэ къыдэхуэ къалэныр текъуэныгъэ лъаIуи хэмылъу игъэзащIэну;

— ищхьэкIэ щыIэ органхэр къыхэмыIэбэу районым езым и бюджетыр зэхилхьэжын хуейщ. Мыбдежым бюджетым къыщыдигъэхуа ахъщэ псори райсоветым къыхуонэж;

— къэрал щIыб экономическэ зэпыщIэныгъэхэм дызэрыхьэну Iэмалхэр икIи щIыпIэкIэ къэлъыхъуэн, экономическэ, техническэ зэдэлажьэныгъэмкIэ шэрджас диастрэр къэдгъэсэбэпкIэрэ. Ар псом япэу хуэунэтIауэ щытын хуейщ социально-производственнэ IэнатIэхэр иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ зэщIэувэдэным.

Дауи, зы тхыгъэкIэ гугъущ кандидатхэм я программэм къыщыгъэлъэгъуа псоми утепсэлъыхьыну. Ауэ сэ белджылы къэсщIар Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэрщ. Хэт и программэр нэхъыфIу къысщыхъумэ жысIэну сыхуитыныр. Ар иужьк!э къывгурыIуэнщ.

Кандидатлми жаIахэм едаIуэри, депутатхэм Iэ яIэтащ. 31-р депутат Жанымым, 28-р депутат Чэтым я телъхьэу къыщIэкIащ. Мыбдеж счетнэ комиссэр «бэлыхь» хэхуащ: Советым и председателыр хахауэ къызэралъытэ щIыкIэм щыгъуазэтэкым къызэхуэсахэр. Нэхъыбэр Жаным и телъхьащ, зэрытлъагъущи. Ауэ сытыр зи нэхъыбэу щытын хуейр: залым щIэсхэра? Зэрыщыту депутату хахахэра? Хьэмэ, депутат корпус псор зэрыхъуи хуей бжыгъэр ара? ЖысIэнщи, зэIущIэр щекIуэкIа махуэм, апрелым и 19-м, ирихьэлIэу районым депутат 75-м щыщу хахар 65-т. ЗэIущIэм щыIар депутат 59-т. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым псалъащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, хаха депутатхэм я нэхъыбэр зи телъхьэу къэувырщ райсоветым и председателу хахауэ къалъытэр. Арати, тIури пхымыкIауэ къалъытащ.

Мыбдеж къыщыхалъхьащ сессиер зэпагъэуну, депутатхэр хэхыныр зэфIэкIыхукIэ райсоветым и председателыр щыхахыну махуэр ягъэIэпхъуэну.

Абыкlэ арэзы хъуахэщ.

Мы зэманым район советым и председатель къулыкъум цIыхуи 2 щIобэн. Я программэхэм фэ фыщыгъуазэщ. НэгъуэщIхэми я кандидатурэр къагъэлъэгъуэнкIэ хъунущ. Районым щымсэухэм Iэмал яIамэ арат абыхэм я программэхэми зыщагъэгъуэзэну. Райсоветым и председателыр зыхуэлэжьэнур районым и сэбэп зыхэлъхэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, гуащIэрыпсэу псоми я дежкIэ а къулыкъум мыхьэнэшхуэ иIэщ.

ЖЫЛАСЭ З.,
«Маяк» Аруан район газетым и отв. секретарь.

Редакцэм Іуэхур зэхегъэкI

«...Мы письмор нэзытхыр «Курп» совхозым и шофер гупщ. ЛъэIукIэ зыныфхудогъазэ ди Іуэхур тхузэхэвгъэкIыну. 1989 гъэр къыщихьэм ди хозяйствэм мэкъумылэ зыгъэхьазырын, гъавэхэкIым елэжьын бригадитI къыщызэрагъэпэщащ, тIуми губгъуэ лэжьыгъэр яухыхукIэ дыщылэжьащ. Илъэсым и кIэм кърикIуахэм елъытауэ ахъщэ саугъэт къахьати, абы дыхагъэхьакъым, езы механизаторхэмрэ комбайнерхэмрэ зэхуагуэшыкащ. Дэ зыхуэдгъэзат ди директор Хъалилэ Хьэмыщи, абы къыджIащ: «Псоми зэхуэдэу ягуэшыками хъунут, ауэ унафэ зыщIар езы лэжьапIэми, унэми щагъуэтакъым.

Апхуэдэу щыщыткIэ, «Курп» совхозым и «шофер гупыр» конторэм къыщыгъуэта тхылъхэм щыгъазэ дощI. Хьэуа, фызахуэкъым шоферхэр. Япэрауэ, фэ лей лъэпкъ къывахакъым. ФыщIыхьэ а конторэми, экономист нэхъыщхьэм е, фыхуеймэ, бухгалтер нэхъыщхьэм фигъэлъагъунщ 1989 гъэм июным и 2-м, июлым и 16-м къыдэкIа унафэхэр. Абы зэкъэрыхуэу итщ зэфIэзгъэкIа лэжьыгъэм щхьэкIэ къывагъэзэжынхэр. Ар

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ?

зы тхылъымпIи конторэм щIэлъакъым».

Мы тхыгъэр къызэрыIэрыхьэрэ зэманыфI блэкIат, къэзытхар зэрымынаIуэм къыхэкIыу жэуап едмытыну, Іуэхур зэхадмытэкIыну ди гугъат. ИтIани жэуап къыпэплъэ шоферхэр дымыгъэщIэхъуну мурад тщIащ икIи совхозым дыкIуащ. Письмом директор Хъалилэ Хьэмыщэ къыщедгъадэж, жиIащ:

— Жэуап зэфтынур хэт? Мыр зытхахэм я Iэ щIэлъакъым, абы и зэхэгъэкIыным заман щIытебгъэкIуэдэн щыIэкъым. Автогаражым и лэжьакIуэхэм мыхэ-мытIэу Іуэхур зытетыр, зэрымызэхуэхэр яжетIащ. Зытхар къыфхуэгъэхъэмэ, феплъ, ауэ сэ абыкIэ дэIэпыкъуэгъу сыхъуфынукъым.

Нужьк!э унафэщIым экономист нэхъыщхьэмрэ бухгалтер нэхъыщхьэмрэ кърихьэри тхыгъэм итым теухуауэ щыIэ тхылъ псори дагъэлагъуну якриIащ. Ар анхуэдэу гаражым пеэлъащ абы и тхьэмадэ Картаев Ауладин къильхъуэу, ауэ лэжьапIэми, унэми щагъуэтакъым.

Апхуэдэу щыщыткIэ, «Курп» совхозым и «шофер гупыр» конторэм къыщыгъуэта тхылъхэм щыгъазэ дощI. Хьэуа, фызахуэкъым шоферхэр. Япэрауэ, фэ лей лъэпкъ къывахакъым. ФыщIыхьэ а конторэми, экономист нэхъыщхьэм е, фыхуеймэ, бухгалтер нэхъыщхьэм фигъэлъагъунщ 1989 гъэм июным и 2-м, июлым и 16-м къыдэкIа унафэхэр. Абы зэкъэрыхуэу итщ зэфIэзгъэкIа лэжьыгъэм щхьэкIэ къывагъэзэжынхэр. Ар

собранэхэм ащхъуэкIыныгъэмрэ политическэ реформэмрэ зэпымыуэ куу щыхъу щытыкIэм щитым парт организацэхэм, коммунистхэм я мыхьэнэр, я пщIэр, жэуаплыныгъэр къэзIэтыныжкIэ, партым и Iуэхур пхыгъэкIынымкIэ къэув къалэнхэм.

ЗыкIи зэхуагъэнэжьым социализмэм нахьапэхэм кIыщыхъуэ Iуэху мышхьэпэхэр хэзыгъэкъабзыкIыжы ф ы н, зэхъуэкIыныгъэм и политическэ унагъкIуэ, обществэм и кIарур пэхыфI пэсри ащIэзыгъэхуафын къарууэ партыр щымытыфыну зэрыкъуэхэм къагъэуву зэрыщIадзар.

Сэ сызэреплъымкIэ, нобэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къэуцIыр экономикэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ предприятэрщ (объединенэрщ). экономическэ Iувэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щекIуэкIыр араши. Абы производствэр къыщызэрагъэпэщ, экономическэ зэхущытыкIэхэр щызэхалъхьэ, коллективнэ, общественнэ и лъэныкъуэкIэ цIыхухэр зыхуейхэр щызэхохьэ.

Экономическэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм къегъэуз административнэ унафэ щIыкIэм къыхэкIауэ экономическэ унафэ щIыкIэм, Iуэхухэр зэраунэтIыр зыубгъуауэ демократизацэм хуэкIуэныр. Абы щхьэкIэ предприятэхэм я хуитыныгъэм зегъэубгъуи, абы къыдэкIуэу яхь жэуаплыныгъэри къэIэтын, фейдэ нэхъыбэ къэIэрыхьэу лэжьэным тегъэгушхуэн хуейщ.

Предприятэхэм езыхэм къалэжьыр мылъкум къыхэкIын хуейщ зыхуеинум трагъэкIуадэр, лэжьапщIэу ятыр, производствэм зегъэубгъуным хухахыр. Экономическэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм предприятэм и коллективыр хуеунэтI фейдэ нэхъыбэ къыпихыну лъэщагъ щыIэкIэр, материалхэр, лэжьакIуэхэр къэгъэсэбэпыным, щIэупщIэ зиIэ хьэпшыпкъ къыщIэгъэкIыным. Абы хуэунэтIащ къэрал предприятэм (объединенэм) теухуа хабзэр.

Производственнэ коллективхэм я къалэн нэхъыщхьэу мэув народнэ хозяйствэмрэ цIыхухэмрэ зыхуейхэмкIэ нэхъыфIу къызэгъэпэщыныр. Абы зэрыщыту зэрехъуэкI предприятэхэм я лэжьакIэр, абыхэм къыщIагъэкIыр зэращIэр, Iуэхутхьабзэ зэращIэр. Псом япэу къэлъытэн хуей мэхъу продукцэр къэзыгъэсэбэпыр зыхуейр. Предприятэм и лэжьакIэм щIэ зэрыхуащIыр и пIалъэм кърирабдзэу икIи ирикъуу зэгурыIуэныгъэхэр зэригъэзащIэрщ. Ахэр къызэпызыудхэм экономическэ жэуапыныгъэри къэIэтын, фейдэ нэхъыбэ къэIэрыхьэу лэжьэным тегъэгушхуэн хуейщ.

Предприятэхэм езыхэм къалэжьыр мылъкум къыхэкIын хуейщ зыхуеинум трагъэкIуадэр, лэжьапщIэу ятыр, производствэм зегъэубгъуным хухахыр. Экономическэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм предприятэм и коллективыр къэгъэсэбэпыным, материалхэр, лэжьакIуэхэр къэгъэсэбэпыным, щIэупщIэ зиIэ хьэпшыпкъ къыщIэгъэкIыным. Абы и пай къэIэтын хуейщ. Ар зэрыщыту зэрехъуэкI предприятэхэм я лэжьакIэр, абыхэм къыщIагъэкIыр зэращIэр, Iуэхутхьабзэ зэращIэр. Псом япэу къэлъытэн хуей мэхъу продукцэр къэзыгъэсэбэпыр зыхуейр. Предприятэм и лэжьакIэм щIэ зэрыхуащIыр и пIалъэм къриубыдэу икIи ирикъуу зэгурыIуэныгъэхэр зэригъэзащIэрщ. Ахэр къызэпызыудхэм экономическэ жэуапыныгъэри къэIэтын, фейдэ нэхъыбэ къэIэрыхьэу лэжьэным тегъэгушхуэн хуейщ.

Апхуэдэ зэхущытыкIэм продукцэр къыщIэзыгъэкIымрэ ар зыхуагъэхъзырымрэ я къалэнхэр тэмэму ягъэзащIэнымкIэ яхь жэуапыр къеIэт.

План гъэувыкIэми куэд щыIащ. Иджы абы халъхьэ зэхъуэкIыныгъэм къызэщIиубыдэн хуейщ иджырей зэманым общеотвэм зэрызиужьыр, абы и гъащIэм и лъэныкъуэ псори демократизацэ щIыныр.

Иджырей Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэмкIэ центральнэ органхэм, къащтэмэ, Госпланым экономикэм зэрызиужьыну план зэхелъхьэ, къызэрапщIэ бжыгъэхэр и лъабжьэу. Ауэ а бжыгъэхэм иджы директивнэ мыхьэнэ яIэкIэм, атIэ предприятэхэм я планхэр щызэхалъхьэкIэ ахэр я гъуазэ къудейуэ аращ.

Планхэр зыгъэзуну ищхьэкIэ щыIэ организацэхэм къэрал заказхэр предприятэхэм кърат. Ар лэжьыгъэу зэфIагъэкIым и процент 60-м и щхьэкIэ кIуэн хуейкъым, ауэ народнэ хозяйствэм дежкIэ нахь мыхьэнэшхуэ эиIэ продукцэщ. Адрейуэ хъуар езы предприятэм зэгъэущI организацэхэм ярищIылIэ зэгурыIуэныгъэм тещIыхьауэ егъэзэзыр. Апхуэдэ Iуэху унэтIыныгъэм продукцэр къыщIэзыгъэкI предприятэм Iэмал кърет производственнэ, социальнэ къалэнхэр зэфIэгъэкIыным тригъэкIуадэн мылъку зэхуэхьэсыну, продукцэр зыIэрыхьэн — зыхуейхэмкIэ нэхъыфIу зыкъызэригъэпэщыну.

Предприятэм лэжьыгъэу зэфIигъэкIынур планым къыщыгъэлъагъуэныр къыщежьэхэм ящыщу экономическэ нормативхэм увыпIэшхуэ яубыд. Ахэр трагъэкIуадэмкIэ къэрал план-заданэщ. Щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хуунущ улахуэу ят фондыр къызэрыхъ нормативыр (зы сом и уасэ товарнэ продукцэ къыщIэгъэкIыным лэжьапщIэу хуэзэр), хэхъуэр къэралымрэ предприятэмрэ зэрыхуагуэш нормативыр (псалъэм папщIэ хэхъуэ 1 сом къэс къыхэкIыу кIэпIейкIэ 30-р бюджетым, кIэпIейкIи 5-р — министерствэм ялъос, кIэпIейкIэ 65-р езы предприятэм къыхуонэж). Нормативхэм къызэрагъэпэщ планым тет къэщIытэныгъэр, производствэм трагъэкIуадэмрэ къыпахымрэ я зэхущытыкIэр зэкIэлъыгъэкIуэныр, предприятэмрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ материальнэкIэ зэрытрагъэгушхуэмрэ яхь жэуапымрэ.

Норматив Iуэху бгъэдыхьэкIэм сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ тэмэму къызэщIеубыдэ обществэр демократизацэ щIыныр. Абы предприятэм Iэмал кърет езыр-езыру и щхьэ и унафэ ищIыжыну, нэхъ къызэрикIым хуэдэу икIи псори зэпилъытэу лэжьэну. Зэман кIыхьым теухуа экономическэ нормативхэр дэIэпыкъуэгъу хъунущ коллективым хуэзэфIэкIам тещIыхьауэ план гъэувыныкIэ, план йэхъ мащIэ къеIыхыным, щхьэусыгъуэ имыIэу абыхэм кIэрагъэхуным предприятэр хущIэкъуныр гъэбазэныныкIэ. КПСС-м и XXVII съездми къызэрыщыхагъэщащи, экономическэ нормативхэр къэгъэсэбэпыным мыхьэнэуэ яIэр къэлъытэгъуейщ.

Социалистическэ хозяйственнэ механизмэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ экономическэ IэмалхэмкIэ тегъэгушхуэн.

XIX Союзсэ парт конференцым М. С. Горбачев щиIа докладым зэрыщыжиIащи, экономическэ зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъыфIу екIуэкIынут управленэм и аппаратым щIэ консерватизмэр ащхъэдзэу мыпсэбыдэу щытамэ. ЗэхъуэкIыныгъэр гъащIэм щыхьэм абы къыпэщIэувэ къарухэр зыхъбощIэ икIи язныкъуэхэм деж абы ухуешэ унафэ «ныкъуэ», мытэмэм къэщтэным.

Ар къыхэщащ къэрал заказымрэ экономическэ нормативхэмрэ щагъэзувэм. Къэрал заказыр щIэуфа директивнэ план гъэувыкIэм хуэкIуащ. Экономическэ нормативхэр щызэхалъхьэм, псалъэм папщIэ, хэхъуэр зэрагуэш нормативхэр щагъэзувым, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хущIэкъуащ фIыуэ лажьэ предприятэхэм я хэхъуэр, егугъуу мылажьэхэм трагуэшэну Iэмал къэзыт нормативхэр ягъэзувыну.

Ахэр щыхьат зэрытехъуэщи, хозяйственнэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм и ефIэкIныгъэр ирикъуу икIи нэсауэ къагъэсэбэпырикъым.

Ауэ, лъэпощхьэпохэр мыщIэми, зэхъуэкIыныгъэр йокIуэкI, абы и къарум хохъуэ, экономическэ унафэ щIыкIэм къишэхэри нэрылъагъу мэхъу.

Общественнэ гъащIэми гузылъштэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуащ. Абы къару узыншэхэр къигъэушащ. Псом хуэмыдэу зэхъуэкIыныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ лажьакIуэ коллективхэм я жыдэкарагъым хагъэхъуащ. Предприятэхэмрэ организацэхэмрэ я къэрал щIыб экономическэ зэпыщIэныгъэхэми зэубгъу.

Промышленностым и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм — автомобилым, химическэ, щIыдагъэ, машиностроенэм, приборостроенэм, щIыдагъэм елэжь промышленность псынщIам, агропромышленнэ комплексым, капитальнэ ухуэныгъэм, сатум, Iуэхутхьабзэ щIэным хозрасчет нэсымрэ самофинансированэмрэ щыхуэкIуащ.

1988 гъэм январым къыщыщIэдзауэ ди республикэм хозяйственнэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм промышленнэ предприятэу 81-рэ, агропромышленнэ комплексым и предприятэ псори, материальхэр-къыщIэзыгъакI, Iуэхутхьабзэ зыщIэ адрей предприятэ, организацэ псори щыхуэкIуащ. Республикэм и къэрал предприятэхэмрэ организацэхэмрэ лэжьакIуэ коллективхэм я совету 450-рэ къыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм ящыщу «Дружба» триотаж, унэуэуэ комбинатхэм, Прохладнэ АТП-м, нэгъуэщIхэми я СТК-хэм зыкъагъэлъэгъуащ администрацэм хуэдэу экономическэ, социальнэ Iуэху-хэм унафэ тещIыхьыным жыдэкэру хэту, самофинансированэм и орган пэжу.

1989 гъэм январым и 1-м къыщыщIэдзауэ народнэ хозяйствэм и предприятэ псори хозрасчетым хуэкIуащ.

Иджы предприятэхэм я лэжьакIэр къызэралъытэр зэгурыIуэныгъэхэмкIэ, продукцэ лIэужьыгъуэхэмкIэ, фIагъымкIэ къалэнхэр зэрагъэзащIэмкIэщ. Абыхэм полъэщ зэманым кIуэгъуэр Iуэхутхьабзэ зыщIэ адрей предприятэхэм я хэхъуэр, егугъуу мылажьэхэм трагуэшэну Iэмал къэзыт нормативхэр ягъэувыну.

Ахэр щыхьат зэрытехъуэщи, хозяйственнэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм и ефIэкIныгъэр ирикъуу икIи нэсауэ къагъэсэбэпырикъым.

Ауэ, лъэпощхьэпохэр мыщIэми, зэхъуэкIыныгъэр йокIуэкI, абы и къарум хохъуэ, экономическэ унафэ щIыкIэм къишэхэри нэрылъагъу мэхъу.

Общественнэ гъащIэми гузылъштэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуащ. Абы къару узыншэхэр къигъэушащ. Псом хуэмыдэу зэхъуэкIыныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ лажьакIуэ коллективхэм я жыдэкарагъым хагъэхъуащ. Предприятэхэмрэ организац

УСАКІУЭ ПСАЛЪЭР АЖАЛЫМ ТОКІУЭ

ДИ КЪАЙСЫН

Къэбэрдей - Балъкъэрым гуфІэгъуэ хъыбар къэсащ — нобэ ди литературэм, зэрыщыту ди культурэ псом и махуэшхуэщ: фІыуэ тлъагъу ди усакІуэ Кулиев Къайсын дунейм ехыжауэ къыдэкІа тхылъым ди къэралым литературэмкІэ щызекІуэ саугъэт нэхъ лъапІэ дыдэр — Лениным и саугъатыр — къыхуагъэфэщащ. Ди гуфІэгъуэр нэхъри нэхъ иныкъ ещІ ди къэралышхуэм и тхылъеджэ мелуанхэр нобэ къызэрыддэгуфІэм. Шэджэм бгыжьхэм я куэщІым кІитэджыкІа усакІуэр дунейпсо литературэм лъэ быдэкІэ хэувэри уахътышІэ хъуащ.

Пэжыр жыІэнщи, куэд щІат Кулиев Къайсын и тхыгъэхэм мы саугъэт лъапІэр къыхуагъэфэщэн зэрыхуейри. Ар єзы усакІуэр псэууэ илъагъун хуейуэ щытат. Ауэ иджы ди гур зэрыдгъэфІыну кІэтхуэнэр зыщ — абы хуейщ нобэ псэухэр. Абы дэ дыхуейщ. Абы хуейщ ди бынхэр, хуеинущ а ди бынхэм я бынищхэр. Икіи дэ нобэ фІыщІэшхуэ худощІ, гувами, Къайсын и усыгъэхэм анхуэдэпщІэ игъуэтыныкІэ сабэп хъуа псоми.

Ди Къайсын имылъагъужа и тхылъым, абы и уэсят хуэдэу унам, усакІуэм и тхыгъэ псоми хуэдэу, тхылъеджэм и гу иримыхьыр фэрыщІу гум, псэм кІабгъэдэмыкІыу зы сатыр къыщыбгъуэтынукъым. Кулиевыр игъащІэ лъандэрэ зытетхыхьу щытащ мы тхылъри зытеухуар — гъащІэм, лІэныгъэм, щалъхуа и лъахэм, и лъахэрыхэм, бгым, псым, мэзым, удзым, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм, щІым, пэжыгъэм...

Сэ седжащ мы зи гугъу тщІы тхылъыми япэм тхылъищу зэщІигъуу къыдэкІауэ щытахэми. ГъэщІэгъуэнщ, абыхэм тхыгъэ куэд ярыткъым «1985—1990 гъэхэм» жыпІэу зыщІэпхэ мыхъуну. Сыт абы кънкІыр, сэ си дежкІэ, къапщтэмэ? Зыщ: Сталиным и эпоха къыщалъытэж. РадиокІэ, телевизоркІэ дыкъэпсэльэн хъуами, газетым тедгэну зыгуэр дгъэхьэзырми, мыр дауэ къыщыхъуну пІэрэт Къайсын, жытІэу дигу къокІ. И гуапэ хъунт? Дагъуэ хуищІынт?

Мыгувэу илъэситху ирикъунущ усакІуэр дунейм эрехыкрэ. Ноби ди нэгу щІэтщ Къайсын. Ди литературэм и къэкІуэнум дытепсэлъыхьми, ауэ дызэІущІауэ псалъэмакъ гуэр къэдгъэхъеинри. ТхакІуэхэм я союзым зэІущІэ щызІэу Іуэху къыхалъхьами, куэдрэ жытІэу зэхэпхынущ: «Къайсын псэушатэмэ...»

Кулиев Къайсын ныбжьэгъу куэд иІащ, Іаджэми фІыуэ къалъагъуу щытащ. Ауэ ащхуэдэ защІэтэкъым ар къэзыухъуреихьу щытар. Абы иІащ фІыуэ къэзымылъагъуи, жагъуэгъуи, къефыгъуэхэри щыІащ. Сэ зэкъым сызэрырихьэлІар усакІуэм и цІэ Іей жаІэу, зыгуэрхэр къыхуапсэлъу, ар яубыху, езыхэр нэхъ лъапІэ хъу хуэдэ, хущІатхъуэу. Апхуэдэхэм яхэтт нэхъыжьхэри, си ныбжьэгъухэри, нэхъыщІэжхэри. Иджы Къайсын дунейм ехыжри езыхэр къэнащи, умыгъэщІэгъуэи плъэкІыркъым, абыхэм жаІэр щызэхапхкІэ. Псоми щалъэж Кулиевыр езым и ныбжьэгъуфІу, езым нэхърэ нэхъыфІу зылъагъуар щымыІауэ. Ахэр сыт иджыри зыхуейр? Зыщ — аргуэру єзыхэм я пщІэр абыкІэ лъагэ ящІыну хущІэкъуу аращ

Ауэ усакІуэр, хэт и жыІи емыдаІуэу, лажьащ, тхащ, ирихьэкІащ и гъащІэ мытыншыр. Абы фІыуэ къыгурыІуэрт — езым и гъащІэр лъапкъым и гъащІэм хуэдабзэт. Зыми ар игъэулъинн хуэзфІэкІынукъым. Ар зэи едІуакъым къыхуэпсалъэхэм, я жыІи Іуэху трищІыхьакъым, мобы мор къызищІащи, мыр есщІэжынщ, жиІэу зэи игу иІэкІакъым. Абы къилъытэрт ахэр мыхъэнэшхуэу. Къайсын ищІэрт, фІыуэ къыгурыІуэрт а псори жьым зэрихьыжынур, заманым зэрытригъэкІыжынур. ИщІэрти, зыри зыфІимыгъэІуэхуу лажьэрт.

Къайсын псэуу иІакъым дунейм тетыху. Махуэ къэс зауапІэм Іухьэм хуэдэт. Ар єзауэрт, єбэнырт хуитыныдэ къытхуэнэжыр дыІэбэм дылъэмыІэсыжу дызэрыщІегъуэжыращи, абы щыгъуэм ар зэрытхэмытыжыр ину ди гум къеуэу дызыхуошхыдэж: «Сытыт сэ ар щыпсэум абы и дэтхэнэ псалъэми гулъытэ хэха хуэсщІу сыщІемыдэІуар?!».

Аращи, аргуэрыжьу дэ догупсыс: «Бетэмал, ар єзыр къытхэтыжу. Лениным и саугъэт лъапІэр къызэрыхуагъэфэщар Къэбэрдей-Балъкъэрым и литераторхэмрэ культурэм и лажьакІуэхэмрэ зэрагъэлъапІэр и нэкІэ илъагъужамэ, сыт хъунт!». Езыр щыпсэум и творчествэм и инагъымрэ и мыхъэнэр здынэсымрэ хуэфэщэн гулъытэ хуэтщІыфу щымытами, «Сэ сыбгырыс усакІуэ къудейуэ араш», — жиІэу куэдрэ къызэрыджиІэм десэжауэ, ар ди фІэщ хъууэ зыкъэдгъэпщІажу екІуэкІами, ипэжыпІэкІэ Къайсын зэрыусакІуэ абрагъуэр хэт нэхъри нэхъыфІу єзым къыгурыІуэжу зэрыщытам шэч хэлъу къыщІэкІынукъым. Апхуэдэ лъэужь къэзыгъэна усакІуэр уахътышІэщ. Къайсын и дэтхэнэ сатырми и макъым и гур къыщоуэ, и псэр хэтщ. Апхуэдэ усакІуэр уахътышІэщ. УахътышІэщ Кулиев Къайсын хуэдэ усакІуэ къызыхэкІа лъэпкъри.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,
КъБАССР-м и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и председатель.

КУЛИЕВ Къайсын

Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскІ

Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскІ,
Дыгъэр гуапэу абы къыхуоплъэкІ:
Дыщэ Іэпэр дамэм трилъхьау
Къыхуогуфіэ и пІэм ижьхьау.
Къауцыпіэу, псым хъыджэбзыр халъщ.
Жыг къудамэ ныбжьыр къыбгъэдэлъщ.

Губгъуэм ит удз цІыкІухэм заущэху,
Псым Іулъ мывэм я гум загъэпсэху.

Мамэ, зы гъатхэ махуэ наІуэу
Си нэгу щІэтщ кІуами илъэс щащІ:
Сэ уи уэрэдым сыщІэдэІуу,
ТІэкІу сыщхьэукъуэу, силът уи куащІ.

Уи Іитl емышыр хунэст куэдым,
Уи цыкуэкІ макъым сыдихьэхт.
Уэрэд къызжепІэт —
Уи уэрэдым
Псым мыщэ шырхэр щрихьэхт.

Гъатхэпсым щерс бдзажьейм и щІыфэу,
Уэрэдым псалъэу хэтыр пщІыпщІт,
Губгъуэ мэракІуэм и мэ Іэфіыр
Щыут абы...
Си гум абгъуэ щищІт.

Псыежэхым пщащэр ныкосыхь.
ЛІэжкъым зыри, щымыІэж бэлыхь.

Дунейм жьапщи уаи темытыж,
Лъахэ псоми лъэхъуэщ имытыж.

ЩІы-хъурейм зы зауи щемыкІуэкІ...
Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскІ.

Хэпшт уи макъамэр уи гум щІыхьэу,
Хамэм и гуауэм уищІт нэщхъей, —
Псыдзэм, мыщэ шыр цІыкІухэм ещхьу,
Уи сабий цІыкІуи ихь нэхъей...

А махуэм хуэдэу уигу хыхьауэ
Къыхэдзэ мыщэм и уэрэд, —
Тщырехъу дэ щІалэ дыкІужауэ
Блэкіауэ щытми илъэс куэд.

ТфІырещІ заІъэ уи нэкІу къимыщу,
Ди хьэщІэу жьыгъэр бзэхэжау,
Сэри, гур хуиту бгъэм къышеуэу,
Си сабингъуэм сихьэжау.

ШЫДЫМ ТЕС ЩІАЛЭ ЦІЫКІУМ И УЭРЭД

Уэ ущІохъуэпсыр
Удз цІынэ Іафіым.
Нажэ, шыд цІыкІу!
Налъэ, шыд цІыкІу!

Уэ гъатхэ удз фІэкІ
Зыри ухуейкъым.
Сэ си хъуапсапІэр
ПщІэрэ?
Маршынэщ!

Маршынэ щхъуантІэу
Жэш кІуам си нэгу
ЩІэкІарш си пІэпІэр...
Нажэ, шыд цІыкІу!

Уэри уи ныбэм
Из хъуху — хуэнщІей
Пшхынщ дынэсыжым —
Нэущ, шыд цІыкІу!

Жэщ махъур —
КІыфІыр
Дэ къыткІэлъожэ.
Шыд цІыкІу, нэпІащІэ!
Нажэ, шыд цІыкІу!

Накіуэ нэхъ псынщІэу,
ПІэгъуэ —
Хокіасэ.
Нажэ, шыд цІыкІу!
Налъэ, шыд цІыкІу!

АНЭХЭМ Я НЭР

НокІуэкІ хьэгъуэлІыгъуэ — я бынхэр мэджагу, —
Анэхэм я нэм гуфІэгъуэр щІэмыкІ.
ЩІакІуэ фІыщІэм кІуэцІыпІэу къыдахьэжыр я жьэгу, —
Анэхэм я нэм гуІэгъуэр щІэмыкІ.

Ди анэхэм я нэр бжьыхьэм унэ хуэхъуащ,
Гъатхэ гъагъэм псэупІэ хуэхъуащ...
Сэ дунейм и гуфІэгъуи и гуауи слъэгъуащ, —
Сэ ди анэхэм я нэр слъэгъуащ.

ФЫЗЫЖЬЫР МЫВЭМ ТЕСЩ

Тесщ мывэм, и нэр плъэпу, фызыжь кхъахэр,
Мывэжьым нэхъ нэхъыжь къысфІощІыр ар,
Абы и дежсыт жьыгъэм къицхьэсахэр?
Сыт гукъэкІыж гупсысэр зытхьэкъуар?

Щысщ нанэр —
Ихьэжащ илъэс пщыкІублым:
И щхьэцыгъуитІыр и плІэм едзыхащ,
Ар псыхьэ макІуэ —
ЩІалэ къыкІэлъыплъхэр,
ПащІэр яІуантІэу, къыщыгуфІыкІащ.

Нэр зэтреІэ —
Бгыщхьэм ит шу пагэм
И цыгъэмакъым ныподжэж дунейр,
Пщэдджыжь намэзми и щхьэгъубжэ лъагэм
Къоуіу и шауэр —
Иджы кхъэм щыжейр.

Щыгъупщэжащ фызыжьым куэд иІэуэ,
Ауэ зэманым зы хущІэмыльхьэж:
И мыгъуэм джанэ зэрыхуэжьыщІауэ
Щыта сабиным и мэр къыщІехьэж.

Тесщ мывэм нанэ, хэплъэу бзэха гъэхэм...
Ар псэухукІэ —
ЩІохъуэпс мы сигу илъар. —
Іейуэ илъагъуар игъэщкІуу зэман яшагъуэм;
Игу къакІыжыну фІыуэ зыІупльэрі

КЪЭПТАЛ

СУРЭТЫМ: Кулиев Къайсын яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ.

КІЫЩОКЪУЭ



СУРЭТЫМ: Кулиев Къайсын яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэхэмрэ тха кIуэхэмрэ.

Абы и щапхъэу сатыритI къудей къэткIынщ. Нобэ, заохъуэпIынигъэм и лъэхъэнэм, языныкъуэхэм мыхъумыщIагъэу Iуэхум хэлъ псор нэгъуэщIхэм я деж щалъагъу езыхэм зыкIи, зы щхьэкIи къуаншагъэ лъэпкъ ябгъэдэлъу яIэтыжыркъым. Мис Кулиевым а и сатыритI жыхуэсIэр:

Тлъагъужкъым зыми ди
къуаншагъэ,
Ди фоч нэгъуэщIым
идогъапщэ.

Сыту ешхыIуэ ар нобэрей ди махуэм екIуэкIэм, Апхуэдэу ди заманым пэджэжу Къайсын итха псор къэдгъэлъагъуэну дыхуежьамэ, зи

диIар.
Ди натIэ хъумкIэ
дыарэзыуэ.
Дэ тщыгъупщанхъым
къыджаIар.

Къыщыхъум заул, дист
зы абгъуи,
Зы гъуэгу дэ тIури
дытехьащ.
Дыкъащтэу тщIакъым
зыми кIэбгъуи,
Гугъуехь тхуэфащэр
тIуми тхьащ.

Кърым дыщыIэу сэ
сощIэжыр
Бгъуэнщ1агъ дыщIэсу
дыщыгъар,

УIэгъэ птелъу лъы
къыпщIэжыр
Къыбдалъэгъуну уи
гугъат.

Уи лъэпкъ лъэужыр
пхууэ лъэсу
Пхъэ лъакъуэр пIыгъыу
гъуэгу уежьат.
Арт уи насыпыр
зыдынэсыр,
Уэ нэщхъеигъуэм
упежьат.

Зэкъуэщщ жедгъыIэу,
дымыхамэу
Ди зэшыныгъэм куэд
щIэттащ.
Пщэр къешэкIауэ мазэр

къамэу
Дэ тIум ар Iэщэу
къыдатащ.
Ди Iуащхьэмахуэр — ар
зы Iуащхьэщ,
Щхьитl пыту лъагэу
урелъагъу.
Дыгъэнсыр хуадэр джанэ
Iэщхьэу
Абы хуэдизыр зи инагъ.

Уэ лъэпкъым щIыхьыр
хуэзIуощэ,
Абы хуэдизи
къыбогъэхъу.
Илъэсым ящIэр махуэм
уощIэ,
Аращ щIыпхуатхыр ноба
хъуэхъу.

Дэ зы уэрэдым и
дамитIу,
Зы фоч зэгуэту
дызэкъуэтщ.
Зы къамэ закъуэм
дыридаитIу
Дэ лIыгъи щIыхьи
дымыгуэш.

Дышущ, тхуэфащэ
дыкъинкIуэтым?
Сыхэхуэм мафIэ,
сыкъыхэх.
Толъкъуным лъагэу
зынъиIэтым,
Ди гущхьэ дыдэм
щотIысэх.

КIЫЩОКЪУЭ

Алим

КЪАЙСЫН

Зы лэгъупыкъум и
кIапитIыр
Дэ тIум тIэщIэлъу
дыкъэхъуащ.
Ди шэджэмыпсым и
Iуфитlыр
Адэ унапIэ дэ
тхуэхъуат.
Ди жэщи махуи тIуми
зыуэ.
Зы гуэвэгъуэщ дэ

Мис а псори зауIу зэрыхъуащ балъкъэр усакIуэшхуэм и усэхэр уэлэпашэу, уатхьэкъуу щIэхъуар.

КIЫЩОКЪУЭ Алим.

* * *

Къайсын адрей усакIуэ псоми къахыдоцIыкIи зыми емыщхь и макъымкIэ, губзыгъагъэ хэлъу, пщIэшхуэ хуищIу псалъэм зэрыбгъэдэтымкIэ. Апхуэдэ щытыкIэ псалъэм абы зэрыхуиIэм и щхьэусыгъуэр, сэ къызэрыслъытэмкIэ, къыщылъыхъуэн хуейр генетическэ код жыхуаIэрщ — езым и лъэм хэту арат. Псалъэр Кулиевым и дежкIэ зыхуэдэ щымыIэ къэхъугъэ телъыджэщэт. Псалъэм и фIыщIэкIэ щIыхур кIыфIым къыхокI, дунейм кIуэтохьэ. ЩIыхур псалъэху зыми гу лъитэркъым, къилъагъуххэрикъым. Апхуэдабзэуи, щIыхур псалъэм и фIыщIэкIэ тхыдэм хохьэ... Къайсын заманыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпыфырт... блэкIами къэкIуэнуми зыщиплъыхьын лъэкIырт.

АЙТМАТОВ Чингиз.

* * *

Кулиев Къайсын мылIэжын зыщI псалъэ Iущ куэд дунейм къытринащ. А псалъэхэр абы заманлIэужыгъуэурэ жиIащ, ауэ зытеухуэжар а псор зыщ— гъащIэмрэ лIэныгъэмрэщ, «ГъащIэ щыIэху, дунейм тетыху, лIэныгъэри тетынущ», — щитхыгъащ Кулиевым и усэхэм щыщ зым. «Дыгъэр къуохьэ, ауэ мафIэр ункIыфIыриъым, хэт мылIами, гъащIэм кIэ иIэнукъым...» — щитхащ нэгъуэщI и зы усэ гуэрым. ГъащIэр нухыркъым щIыхур лIакIэ, абы и Iуэхумрэ и фэеплъымрэ дунейм къытонэ.

Жьэгум пхъэр пэресхьэ, щIыхухэм и хуабэр кIариту, уэшхым губгъуэр псыкIэ егъэнщI, уэсыр мэткIу, псыхэр нэхъри щыз ящIу... Дэри мыпхуэду жытIэфынущ Къайсын щхьэкIэ: нобэ дэ ар къытхэтыжкъым, ауэ и тхылъ хьэлэмэтхэм щIыгъуу къытхуигъэнащ и гум и хуабагъэмрэ и акъыл нэхъмрэ.

ЩОДЖЭНЦЫКIУ Iэдэм.

* * *

Абы дунейпсо усыгъэм фIыуэ хищIыкIырт, Совет Союзышхуэм и усыгъэ зэрыIыгъыр, ныбжьэгъугъэ ин зыхэлъыр игъэлъапIэрт. Ар щIыху нэжэгужэт инIи укъэзыгъэпэжын ныбжьэгъуфIт...

ЛIащ си Къайсын. Си гъащIэм и дыгъэм къытрихуащ пшэ фIыщIэ Iэрамэшхуэ инIи си нэм щIуинкIыфIауэ къысщыхъуащ Iуащхьэмахуэ уардэр. ЩыуинкыфIщ Iуащхьэмахуэ си нэми, сымылъагъуэ хъуащ.

Ауэ Къайсын и махуэ дахэхэм, и гъатхэм и щIэрэщIагъуэм щыгъуэ уэрэд зыхужиIа дунейр иджыри мэгъагъэ...

ДУДИН Михаил.

* * *

Сэ, Кулиев Къайсын зыщIыхуу щыта псоми хуэдэу, сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым а усакIуэшхуэр уэрсэру хэти зэрыхущытар. абы, сыт хуэдэ щIыху гуп хэмыхуами, къедаIуэр къудихьэхыу епсэлъэни хуэзэфIэкIыу зэрыщытар. Кулиевыр мэлыхъуэхэм яхуэзамэ, мэлыхъуэт, еджагъэшхуэхэм яхыхьамэ, еджагъэшхуэт. Хьауэ, ар фэкIэ зищIын жыхуэпIэм хэту аратэкъым икIи нэгъуэщIтэкъым — апхуэдэут абы и щIыху щIыкIэр. Абы щIыху фIыуэ илъагъурт, и гуапэ дыдэ хъурт езыми къыхуащIыж гулъытэм я нэхъ мащIэ дыдэри.

...Япэ дыдэ къыдэзгъэкIам, абы псалъэ гуапэ къыскухиIэу тхыгъэ мыинри зэрытам, къыщыщIэдзауэ зы тхылъ сиIэкъым Кулиевым теухуа усэ хэмыгъэхьауэ. Си гугъэщ дяпэкIи сыусэху, тхылъ къыдэзгъэкIыху, апхуэдэу щытыну.

КЪЭШЭЖ Инпэ.

* * *

Кулиевым и усэхэр лIыхъужьыгъэ нэскIэ гъэнщIащ. Ауэ абыхэм мымащIэуи, яхэтщ гумащIагъэмрэ IэфIыгъэмрэ, дахагъэмрэ гуапагъэмрэ къызыхэщ сэтырхэри. Гу щабагъ-IэфIыгъэр бгым къыщыгъэгъа уда дахэм хуэдэу долъагъу, жыхэр къыщотIэнI усэхэм, псы уэр щIыкIуэхэр щошкIурэ...

УсакIуэм жумарту щIыхухэм яхуегуэш щалъхуа и щIы кIапэм и дахагъэр. Iущыгъэр, езым и гумрэ и псэмрэ я хуабэр, гуапагъ яхэлъыр.

ТИХОНОВ Николай

* * *

Кулиев Къайсын гурэ псэкIэ пыщIащ езыр щалъхуа Кавказ Ищхъэрэм, абы и гъащIэмрэ хабзэфI щызекIуэхэмрэ, бгым и теплъэ дахэр егъафIэ. ЕгъафIэ къуршыжьхэм я гъатхэри я щIымахуэ борэнри. И нэщ, и псэщ къыр дзакIэ хужьхэр, абыхэм къелъэ къуршыпс жьгъырухэр.

Кулиевым и усэхэм щыжеIэ и гъуэгум зыщыхуэза дэтхэнэ мывэри, дэтхэнэ жыгри ицIыхуу.... абы дахэ дыдэу дигъэлъэгъуащ и щIыналъэр, щIыху IэпщIэлъапщIэм зэрищIыфынум хуэдэу тхуищIащ и лъахэм и сурэт телъыджащэр.

АНТОКОЛЬСКИЙ Павел.

* * *

Кулиев Къайсын лъэпкъ куэду зэхэт советскэ усыгъэм лъэ быдэкIэ хэуващ. И гупсысэкIи, и дуней тетыкIэкIи балъкъэр щIыхуу, балъкъэр усакIуэу къэнэжу, бгырысхэм я культурэр, я хабзэ дахэхэр и усэхэм щигъафIэу, Кулиев Къайсын, дагъыстан усакIуэ Гамзатов Расул ещхьу, лъэпкъ куэдым я зэхуэдэ усакIуэ хъуащ.

УсакIуэшхуэхэм я гъащIэр псыхуэхэм ящхьщ. Къыщежьа щIыпIэм нэхъ пэжыжьэ хуэзу, нэхъыбэрэ жэху, къыхэлъадэри нэхъыбэщ. Ауэ щыхъукIи, и къабзагъкIи, и Iэфlагъкlи зэмыкIыуэкIыу. Сэ нджыпстуи зэхэсх хуэдэщ си ныбжьэгъум и макъ. Ар Шэджэм псыкъелъэхэм деж щытщ, псы макъыр щIихъумэу мэкIий: «Щыхуфlхэ! Сэ фэ тыгъэ фхуэзощI дуней хьэлэмэт—усыгъэхэм я дунейI.

МУСТАЙ Карим.

КЪЭПТАЛ

Джэгужь щыхэти, зауэм щыкIуи,
Щиlыгъым дежи пхъэIэщэкI, —
Бгырысым щыгъ къэпталыр екIуу...
Иджы музейм ныщызэблэкI
Псоми ялъагъуу илъщ абджыпсым.

Къурэ ящIауэ лъым, пщIэнтIэпсым
Iапапlэу бжьыгъэхэр къытощ.
...Вагъэбдзумэщlам, лъы уэр ткIуэпсым
Я мэ къысщIихьэу сэ къысфIощI.

КIУАЩ БЕТIАЛ И ФЭЕПЛЪУ

МыIэрысейр
къыщыгъагъэм
Iэ щIыIэ гуэрым дещIащ.
Гъатхэ жэщ дахэм и
фIыгъуэу
Ди псыежэхыр гьущIащ.

Псыгуэхуу ди къуршыбгъэ
дахэр
Iубахъэм ещхьу бзэхащ.
Уэс щIыIэр щхьэмыж
бэгъуахэм
Къатехэри я псэр хихащ.

Бгъэр ислъагъуэжкъым
бгы щыгум, —
Къуаладжэ щIаншэм
дэхуа?
Щылъэпарапэри гъуэгум
Алъп хъыжьэм и лъэр
щIахуащ.

Къызжыlэт:
Укъыспэмыплъэу
Гукъеуэ сигу щхьэ
къиплъхьа?

* * *

Щlалэ цIыкIур, шкIащIэр
Зэщхьхэу тIэкIу
Къысфlощlыр,
Зэхуэарэзыуэ
А тIур зэдоджэгур.

Шкlащlэм и нэм къощыр
Уафэ щхъуантlэр,
дыгъэр,
Щlалэм и нэкIуплъыр,
Абы и дзэ хужьыр.

Щlалэ цIыкIум, шкIащIэм
Зыр зым къразуэкIыр,
Ещхьу псым,
Удзыпщlэм
Зыщlагъэмбырыуэр...

* * *

Щ1ыIэкъым пэсщIын
пхэдджыжьым.
Къэуша къудейуэ
ЦIыкIухэм
Сфlэфlщ сэ я нэм
сыщIэплъэ.
Сфlэфlщ щхьэгъубжэм

сыкъыдэплъу
Бзу уэрэдым седэIуэн.

Щlакхъуэ гъэжьагъашlэм
и мэр,
Нартыху цIынэ гъэвам
и мэр

Щlэх ди унэм щIэз
къэхъунщ,
Къашынщ жэмыр —
Шэр кIилъадэм
Пэгун джабэр
хуэбжьынщ...

ЩIАЛЭ ЦIЫКIУМРЭ ЧЫЦIЫМРЭ

Къудамэм пыт тхьэмпэ щхъуантIэр
Чыщ1 цIыкIухэм я нэм къощ.
Бгым, бжьакъуэр зэгъакъуэуэ,
Чыщ1итI щызоныкъуэкъу.

Губгъуэм ихуэжкъым удзыр,
Ихуэжкъым шхуэлым шэр.

Мы гъатхэ щIыр къыпфIощIыр
Щхъуантlагъэм къызэкIуэцIитхъ.

Щlыва бжэн цIыкIухэр Iэзэу
Щlалэхэм къаубыдыж.
Абыхэм фIэкI нэгъуэщIи
Дунейм зы щамылъагъу.

СЭЛАМ УЗОХ, ПЩЭДДЖЫЖЬ

Зи напэр хужьу, пщэдджыжь.
Уэрэд хаш къуалэбзу къэушам,
Щlыхуэр пэрохьэ и Iуэху.
Сэлам уэох, си пщэдджыжь!
Хадэм ит жыгхэм — сэлам!
Хъуа пхъащхьэмыщхьэм — сэлам,
Бгыщхьэм лъэ псынщIэу къежэх
Жьыбгъэ щIэщыгъуэм — сэлам!
Грузием гъуэгу хухэзыш
Пшэхэ, фэ сIыфх сэлам.
Сэлам, удз щхъуантIэм хэт пщащэхэ,
Ди хъарбыз хадэ, сэлам!

Сабий нэ фIыщIэ цIыкIу.
Ди пщIантIэм гуфIэжу дэт
Си щIалэ цIыкIу — сэлам!
Уэ пхуэдэу сыкъодыхьэшхри,
Уэрэдыр си гум иусу
Уэсэпскlэ гъэнщIэ пщэдджыжьым
Псым хуэдэу, зыщIызогъуэ.
Жыг тхьэмпэм щхьэщэ яхуэсщIу,
Ныхуэсщlу щхьэщэ уэгу бзыгъэм,
Сабийуэ гъащIэ хуэгуфIэм, —
Пщэдджыжь макъамэм сыхохьэ!

Зэзыдзэкlар
ТХЬЭГЪЭЗИТ Зуберщ.

ДИ КЪЭКІУЭНУМ ГУЛЪЫТЭ ЩЫХУАЩІ

Налшык къалэ щыІэ «Медвежонок» сабий ясльэ-сад № 63-р къызэрызэІуахрэ зэманыфІ дэкІащ. Сытым и Іуэху Іут мы Іуэхущ1апІэм? Абы и пэшхэр Іэхуитлъэхуитщ. Сабийхэр щыжей, щышхэ, щыджэгу, Іэщ1агъэм щыхуагъасэ пэшхэр шхьэхуэщ. Щ1ык1уэр я ныбжь елъытак1э гуп 12-у гуэшащи, дэтхэнэми зыхуэныкъуэ щымы1эу и Іуэху хъарзынэщ. Абыхэм я1эщ зэрыджэгу хьэпшыпхэр, нэгъуэщ1 зыхуейхэр.

Жы1эпхъэщ сабий Іуэхущ1апІэм и лэжьак1уэхэм, и унафэщ1хэм щ1ык1уэхэм я зэхэщ1ык1ым зегъэужьыным, Іэщ1агъэ гуэрхэм дегъэхьэхыным гулъытэ хэха зэрыхуащ1ыр. Мыбы щолажьэ Іэщ1агъэ зэмыл1эужьыгъуэхэм щыхуагъасэ кружокхэр. Къапщтэмэ, гъэсак1уэ Атэбий Мадинэ «Золотое шитье» кружокыр егъэлажьэ. Щ1ык1уэр абы щыхуагъасэ цей, бостей, бгъэ1улъ, бащлъыкъ хуэдэ хьэпшып-щ1ык1уэр ядыфу, щагъэхэмк1э, Іудэхэмк1э ягъэщ1эрэщ1эфу.

Хьэхъупащ1э Фатіимэ зи унафэщ1 щыз1уащэ кружокым хэт щ1ык1уэхэми я Іэдакъэщ1эк1эр умыгъэщ1эгъуэн плъэк1ык1ым. Абыхэм ягъэхьэзыр алэрыгъу, арджэн щ1ык1у зэмыл1эужьыгъуэхэр.

Бгъэщ1агъуэу уоплъ пластилин, нэгъуэщ1хэми елэжь кружокым игъэхьэзырхэми. Апхуэдэщ пингвин, къуаргъ, сэхураныщхьэхэм бжьэ, хьэндрабгъуэ тесу, нартыху, нэгъуэщ1 сурэтхэри.

Бищ1о Ритэ зи унафэщ1 театр-изобразительнэ искусствэмк1э кружокми щ1ык1уэхэр дехьэх. Абы лъэпкъ къафэхэр щагъэзащ1э, усэхэм къыщ1оджэ. Нужьу щ1ык1уэхэм я адэ-анэхэр ирагъэплъащ адыгэ, балъкъэр къафэхэм.

Щ1ык1уэхэм ягъэлъэгъуащ Къардэнгъущ1 Зырамыку и тхыгъэм къытращ1ык1а «Къуиц1ык1урэ шейт1анымрэ» спектаклыр. Апхуэдэу а зэ1ущ1эм щ1ык1уэхэр гъэхуауэ усэ къеджэнымк1э щызэпеуащ.

Сабий ясльэ-садым гулъытэшхуэ щыхуащ1 адыгэбзэр ящ1эным, егъеджэным. «Адыгэбзэ» пл1анэпэ къызэрагъэпэщам щызэхуэхьэсащ гъатхэм, гъэмахуэм, бжьыхьэм, щ1ымахуэм теухуа усыгъэ к1эщ1хэр, псысэхэр, рассказхэр зэрыт тхыльхэр, журналхэр. Апхуэдэу пл1анэпэм щахъумэ хьэк1экхъуэк1эхэм, унэ псэущхьэхэм, къуалэбзухэм ятеухуа сурэтхэр щызэхуэхьэса альбомхэр. Ахэр адыгэбзэр щрагъэджк1э къагъэсэбэп.

Сабий Іуэхущ1апІэм гулъытэшхуэ хуещ1 «Нур» журналым. Абы къытехуэ рассказхэм, усэхэм сабийхэр щыгъуазэ ящ1, сурэтхэр къыхабзык1ри альбомхэр ящ1, бзэм щызрагъэужьк1э ахэр къагъэсэбэп. Апхуэдэ лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэм я лъэныкъуэк1э фІыщІэшхуэ ябгъэдэлъщ сабий нэхъ инхэм я гъэсак1уэхэу Бищ1о Ритэрэ Хьэхъупащ1э Фатіимэрэ.

Іэк1уэлъэк1уагъэм къабзагъэм, хабзэм, лажьыгъэм сабийхэр зэрыхуагъасэм щыщ щ1ык1ухэр щагъэшхэнум деж гулъытэ зыхуащ1ри. Псальэм папщ1э, сабийхэм пщэфІапІэм нэхъ къыщ1ахыфынумк1э здагъэІэпыкъу, Іэнэхэр ирагъэуэд. Шха нужьи хьэкъущ1ык1уэхэр сабийхэм зэщ1рагъэкъуэж.

Шэджагъуэ женгъуэм сабий нэхъ инхэм я пІэхэр ящІыж, зэлъы1узыхыжыр езыхэрщ.

Мыбы гулъытэ щыхуащ1 сабийхэр узыншэу, къаруу-фІэу къэгъэхъуным. Абы и лъэныкъуэк1э зыубгъуауэ къагъэсэбэп физкультурэр, спорт л1эужьыгъуэхэр. Щ1ык1уэхэр зохьэзохуэ къэжэнымк1э, лъэнымк1э, нэгъуэщ1хэмк1и.

Сабийр узыншэу къохъунымк1э мыхьэнэшхуэ и1эщ ерыскъым. Абы и лъэныкъуэк1и Іуэхур Іейк1ым. Ахэр, адрей ерыскъыгъуэхэм къадэк1уэу, иплъэс псом хадэхак1, пхъэщхьэмыщхьэ щагъащ1эркъым, щ1ык1уэхэм я узыншагъэми к1элъыплъ зэпытщ.

Іуэхущ1апІэм и и1э зытет Іуэхугъуэхэр куэд мэхъу.

— Ди сабийхэр я ныбжь елъытак1э гупурэ гуэшащ, —жеІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщ1 Къанкъуэщ Марина. — План пыухык1а я1эу ди гъэсак1уэхэр сабий гупхэм зэрахуэфащэу ядолажьэ. Псом хуэмыдэу дол1ал1э сабийм и бзэм, и зэхэщ1ык1ым зегъэужьыным. Абы и лъэныкъуэк1э зыубгъуауэ къыдогъэсэбэп сурэтхэм тегъэпсэлъыхьыныр, усэ щ1ык1уэхэр егъэщ1эныр, абыхэм къегъэджэныр, фильм к1эщ1хэм егъэплъыныр, зытеухуахэр жегъэ1эжыныр.

Дэ дыхуосакъ, дыхущ1окъу сабийр нэхъ дэзыхьэхыр, ар зыщ1эхъуэпсыр зэгъэщ1эным. Ик1и къыхуэщхьэпэну къытф1эщ1 Іуэхугъуэм дэтхэнэри худоунэт1. Япэхэм абы и лъэныкъуэк1э щыуагъэ тщ1эуэ щытащ. Хуейми хуэмеими, сабийр зыгуэрым хуэдгъэсэну дыхэтт. Ар тэмэмкъым. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэк1эм дакъыпык1ащ.

Сабийхэр Іэщ1агъэ гуэрхэм хуебгъэсэн папщ1э узыхуейхэр мащ1экъым. Дызыхуей хъу щэк1 бзыхьэхуэ, Іуданэ, нэгъуэщ1хэмк1э дэІэпыкъуэгъу къытхуохъу адэ-анэхэм я совет диІэр. Абы и чэнджэщк1э адэ-анэхэм къытхуахь щ1ык1уэхэр щыгъасэ дэтхэнэ кружокри зыхуейхэр. Абы и лъэныкъуэк1э я щ1э къисІуэну сыхуейщ зи сабий ди деж къак1уэ анэхэу Урыс Аллэ, Гъущ1апщэ Жаннэ, Резниченкэ Татьянэ сымэ. Ахэр щ1эгъэкъуэн гъуэзэджэу ди Іэщ.

Сабий Іуэхущ1апІэм и лэжьак1уэхэм я нэхъыбэр зи щ1ала1эгъуэхэщ. Щ1ыху 47-рэ мэхъури, зэкъуэту, зэчэнджэщу зэдолажьэ. Зи щ1э фІык1э къра1уэхэм я нэхъыфІыжщ, къапщтэмэ, гъэсак1уэхэу Мокъуэ Лизэ, Бищ1о Ритэ, Емыщхь Лидэ, щхапІэм и лэжьак1уэхэу Тэтэр Луса, Урыс Лела, К1эрэф Женя сымэ.

Садым пыщ1эныгъэ зыхуи1э коллективхэри и1эщ. Апхуэдэщ полиграфкомбинатыр. Къапщтэмэ, ремонтым трагъэк1уэдэн папщ1э абы мы гъэм сабий Іуэхущ1апІэм сом мини 5 къыхуиутыпщащ. Апхуэдэу предприятэхэр нэгъуэщ1 материалу ясльэ-садыр зыхуеймк1э щ1эгъэкъуэн къыхуохъу.

Дызытепсэлъыхьа сабий Іуэхущ1апІэр гукъеуэншэу зэрыщымытри жы1эпхъэщ. Къапщтэмэ, мыбы балъкъэр сабийуи зыбжанэ къок1уал1э. Ауэ ахэр я бзэк1э ирагъэджэну Іэмал ягъуэтыркъым. Абы и щхьэусыгъуэу щытщ егъэджак1уэ - гъэсак1уэ зэрамы1эр, абык1э дэІэпыкъуэгъу зэрамыгъуэтыр. Апхуэдэу сабийхэм ирикъуу я1эк1ым зэрыджэгун хьэпшыпхэр. Ахэр къызэращэхуи ахъшэ ябгъэдэлъщ, арщхьэк1э зыхуэныкъуэхэр къалэ тыкуэнхэм щагъуэтыркъым.

Зи гугъу тщ1а щыщ1эныгъэхэр гъэзэк1уэжынымк1э мыбы дэІэпыкъуэгъу хуэхъун хуейщ сабий Іуэхущ1апІэр зи унафэ щ1этхэр.

ХЬЭМГЪУОКЪУ Хьэсит.

● Тек1уэныгъэ иныр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэл1эу

Хэку зауэшхуэм теухуа сурэт щит1 итщ Хью Левин США-м къыщыдигъэк1а альбомым.

СУРЭТХЭМ: Освенцим и гъэрхэр; политрукым бэнэныгъэм пещэ.

(ТАСС).

ДУНЕЙР НОБЭ

ИУЖЬ СЫХЬЭТЫМ

ВАШИНГТОН. Мыбы щ1ык1уэщащ США-м и администрацэмрэ политическэ, экономическэ зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэным и Іуэху1эк1э европейскэ экономическэ сообществэм и л1ык1уэу Америкэм къэзыуэрэ и зэпсэлъэныгъэхэр. А зэпсэлъэныгъэхэр япэ лъэбак1уэу уващ Вашингтонрэ Брюссельрэ илъэсым т1эу зачэнджэщыну зэрызэгурыІуар гъэзэщ1эн и лъэныкъуэк1э. Американскэ делегацэм и унафэщ1щ къэрал секретарь Джеймс Бейкер, европейскэ сообществэм и делегацэм — ЕЭС-м и комиссэм и председатель Жак Делор.

Зэ1ущ1эр зэф1эк1а иужь загъэхьэзырыгъэ программэм ипункт 1-м щ1ыгъуэ Никарагуам «демократиер щыгъэувын» лъэхъэнэм зэрыщ1идзэр. Абы къыхигъэбелджылык1ащ лъэпкъыр зэгъэк1уэжыным правительствэм и къару псори зэрихьэл1энур.

Апрелым и 25-м Виолета Барриос де Чаморро президент къулыкъур гъэзэщ1эным щ1идзэнущ.

БОНН. ФРГ-м и общественностыр хуабжьу иризэгуэпащ «Скинхедс» — «Щхьэ упсак1э» зэджэ правоэкстремистскэ организацэм илъэныкъомыхъумыщ1агъэм. Чэф зи1э неонацистхэм западногерманскэ къалащхьэм и курыкупсэм зэрауэ щызэхаублащ. Абыхэм уэрамым щызекІуэ

Литвам щекІуэкІхэм зэреплъыр

КОПЕНГАГЕН. (ТАСС). Мыбы щызэ1ущ1ащ Данием, Норвегием, Швецием нэгъуэщ1 къэрал Іуэхухэмк1э я министрхэр, Финляндиемрэ Исландиемрэ я МИД-хэм я директорхэр. Литвам щыщыІэ щытык1эм телъэпсэлъыхьын мурадк1э. Зэ1ущ1эм и ужьк1э прагъэк1уэк1а пресс-конференцым Данием нэгъуэщ1 къэрал Іуэхухэмк1э и министр У. Эллеман-Енсен щыжи1ащ а зэ1ущ1эм хэтахэм зэманыр къазэремэщ1ык1ам ик1и дунейм къыщыхъу-къыщыщ1ык1эм зэ-

пыщ1а Іуэхухэм а зэ1ущ1эм зэрыщытемыпсэлъыхьар. Дэ датепсэлъыхьащ щытык1ар гъэтэмэныгъэ хъуа щ1ын, плюралистическэ рыночнэ обществэ къызэгъэпэщыныгъэ дэІэпыкъуэгъу дызэрыхъуну щ1ык1эм дыхэплъащ, жи1ащ абы.

А махуэ дыдэм Данием и МИД-м щекІуэк1ащ фолькетингым и президиумым иригъэблэгъауэ а къэралым ли-

ЯГЪЭЖЭКЪУА ЦІЫХУБЗХЭР

Кушдеви непал къуажэм щыпсэу Шаран Банджарэ зэгуэр мурад ищ1ат и фызыр и гъусэу Калькуттэ к1уэну. Здэк1уам и фызыр индийскэ рупий мини 10-к1э щищащ. Ик1и ищ1а сатумк1э ину арэзыуэ Непалым кънгъэзэжащ етІуанэу фыз къишэжыным хуэпІащ1эу. Апхуэдэ щ1ык1эк1э непалец хьэк1эпычыр фІыуэ имыл1агъу и фызым къыпык1ащ, унагъуэ насыпыщ1э зэригъэпэщыкыным, абы къыдэк1уэри и жыпым ахъщэ гуэри къинэным щыгугъыу, Ищ1а фызым и Іуэхур дауэ хъуа? Ар Калькуттэ щыІэ къэхьпэщхэм ящыщ зы залымыгъэк1э иратащ ик1и зыкъомрэ яубэрэжьа нэужь «лэжьэн» щ1идзащ.

Занщ1эу жытІэнщи, цІыхубзэмк1э сату щІыным зыщ1иубгъуа Непалым апхуэдэу куэдрэ къыщохъу. А Іуэхур зэрахьэ апхуэдэ щ1эпхъаджагъэр Іэщ1агъэ зыхуэхъуа непал-индийскэ бандэхэм. Индием щыщ гуэрым заказ къаретри, непал «подрядчинхэр» лъыхъуак1уэ йожьэ. Унагъуэ къулеикъыхэм щыщ, дунейм щызекІуэ Іуэхухэм хэзыщ1ык1ыхуэ щыщыІэ хъыджэбзхэр абыхэм ягъэ, Къэхьпэщхэр зейхэм я дежк1э нэхъ фейдэщ индианкэхэр мыхъуу, ат1э нэгъуэщ1 къэрал къраша цІыхубзхэр къагъэсэбэпыныр. Ар нэхъ шынагъуэншэщ, хамэ къэралым абыхэм к1уапІи-жапІи щаІэкъым. Іыхьлы, цІыхугъэ щамыІэк1э дэІэпыкъуэгъук1э хэт зыхуагъазэн? ЗэрыдэІэпыкъуэгъуншэм, цІыху мыхъужыным хуэдизу лубэрэжьынк1э зэрышынэм жыІэдаІуэ ещ1эр.

...Шарон Банджар къигъэпщ1а и фызым и Іуэхур ик1эм-ик1эжым хъарзынэу иухащ. Абы къыдэІэпыкъуащ Индием щыІэ непальскэ эмигрантхэм я ассоциацэр. Ар калькуттскэ къэхьпэщым къыІахыжри (дауи пщІэншэутэкъым) и унэ яутыпщыжащ. Насыпышхуэ къызэуэлІауэ зызыбжьыка и л1ым теухуауэ уголовнэ Іуэху къаІэтащ, ар ягъэтІысынк1э хъунущ.

Ауэ, дауи, псори апхуэдэу иухырэкъым. Аращ непаль-

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

ТВ

Апрелым и 26

мандэ къыхэхахэр. Етіуанэ, ещанэ лъэхъэнэхэр. 21.00 — Зэман. Хьыбарыщ1эхэмк1э телевизионнэ службэ. 22.00 — Хоккей. Дунейм и чемпионат. СССР-мрэ Канадэмрэ я командэ къыхэхахэр. 00.30 — Хьыбарыщ1эхэмк1э телевизионн

ИУЖЬ СЫХЬЭТЫМ

ВАШИНГТОН. Мыбы щекIуэкIащ США-м и администрацэмрэ политическэ, экономическэ зэдэлажьэныгъэр гъэбыдэным и Iуэхукlэ европейскэ экономическэ сообществэм и лIыкIуэу Америкэм къэкIуамрэ я зэпсэлъэныгъэхэр. А зэпсэлъэныгъэхэр япэ лъэбакъоуэу уващ Вашингтонрэ Брюсселрэ илъэсым тIэу зачэнджэщыну зэрызэгурыIуар гъэзэщIэи и лъэныкъуэкIэ. Американскэ делегацэм и унафэщIащ къэрал секретарь Джеймс Бейкер, европейскэ сообществэм и делегацэм — ЕЭС-м и комиссэм и председатель Жак Делор.

Зэ1ущIэр зэфIэкIа нэужь зэгъуэгъуэ прагъэкIуэкIа пресс - конференцым США-м и къэрал щIыб политическэ ведомствэм и унафэщIым зэрыщыжиIащи, зэпсэлъэныгъэхэм нэхъыщхьэу гулъытэ щыхуащIащ КъуэкIыпIэ Европэм, къапщтэмэ, абы щекIуэкI «политическэ, экономическэ реформэхэм». Къэрал секретарым зэрыжиIамкIэ, а Iуэхугъуэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр щызэхуаIуатэм Iупщ1 къэхъуащ Соединеннэ Штатхэмрэ европейскэ сообществэмрэ я зэдэлажьэныгъэм дежкIэ а щIыналъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

МАНАГУА. Никарагуам и хэхакIуэ совет нэхъыщхьэм и председателыр Мариано Фиальос республикэм и президентым и мандатыр иритащ Виолетэ Барриос де Чаморро. Къэралым и кIуэлыкIу нэхъыщхьэ дыдэм ар хахауэ щытащ мы гъэм февралым и 25-м хэхыныгъэхэр щекIуэкIам, Вице-президент мандатыр Iэрыхьащ Вирхилио Годой.

Президент мандатыр къыщратым къэпсалъэу Библетэ Барриос де Чаморро жиIащ Никарагуам «демократиер щыгъэувын» лъэхъэнэм зэрыщIидзэр. Абы къыхигъэбелджылыкIащ лъапкъыр зэгъэкIуакIым правительствэм и къару псори зэрырихьэлIэнур.

Апрелым и 25-м Виолетэ Барриос де Чаморро президент къулыкъур гъэзэщIэным щидзэнущ.

БОНН. ФРГ-м и общественностыр хуабжьу ириззгуэпащ «Скинхедс» — «Щхьэ упсакIэ» зэджэ правоэкстремистскэ организацэм илэжьа мыхъумыщIагъэм. Чэф зиIэ неонацистхэм западногермаискэ къалащхьэм и курыкупсэм зэзауэ щызэхаублащ. Абыхэм уэрамым щызекIуэ цIыхухэр кърахукIыу, башкIэ яубэрэжьу, лъакъуэкIэ якIуэцIыпкIэу щIадзащ. НтIанэ хъним нкIа бзаджащIэхэм автомобилхэр щхьэпрадзу, тыкуэнхэм, общественнэ Iуэхущ1апIэхэм я щхьэгъубжэ абджхэр якъутэу хужьакIащ.

Къаугъэ къыщаIэта щIыпIэм къэса полицэм ахэр иубыдащ. Неонацист 15-м зэкIэ гупыр хущIэкъуащ полицэм иубыдахэр къыIэщIигъэкIыкIыну. Арщхьэкlэ полицэм хузэфIэкIащ хабзэр къаIэм щызэфIигъэувэжын, къиташ ДПА информационнэ агентствэм.

ВАШИНГТОН. США-м Перу къэралым дэIэпыкъугъэ иритынущ наркобизнесым ебэныным хэтыну гупыр гъэхъэзырынымкIэ икIи егъэджэнымкIэ.

США-м и къэрал департаментым и лIыкIуэ Маргарет Татуаулер зэрыжиIащи, а Iуэхугъуэм теухуауэ къэралитIым ирагъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэр зэфIэкIащ.

(ТАСС, апрелым и 24-м).

Литвам щекIуэкIхэм зэреплъыр

КОПЕНГАГЕН. (ТАСС). Мыбы щызэ1ущIащ Даниер, Норвегием, Швециер нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ я министрхэр, Финляндиемрэ Исландиемрэ я МИД-хэм я директорхэр. Литвам щыщыIэ щытыкIэм телэлъыхьын мурадкIэ. Зэ1ущIэм и ужькIэ ирагъэкIуэкIа пресс-конференцым Даниер нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министр У. Эллеман-Енсен щыжиIащ а зэ1ущIэм хэтахэм зэманыр къаузэремэщIэкIам икIи дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм зереплъ щIыкIэхэр зэрызэтемыхуэм къыхэкIыу зэгъэсэу къащтэн политическэ заявленэ ягъэхьазырыну зэрыхуэнэмысар. Апхуэдэу щыт пэтми, къыхигъэбелджылыкIащ министрым, щытыкIэм зереплъ щIыкIэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ зыбжанэр зэдрагъэкIуну яхуэзэфIэкIащ. Абы зэрыжиIамкIэ, псори ирипIейтейуэ кIэлъоплъ Литвам къыщыхъухэм, Iэмал зэриIэкIэ Москварэ Вильнюсрэ зэпсэлъэн нэхъ псынщIэу щIадзэным и телъхьэу къоувэр. Зэпсэлъэныгъэхэм псынщIэу щIэлъэн зэрыхуейр къэзыгъэувыр прибалтийскэ республикэм щыщыIэ щытыкIэм и закъуэкъым, кънгъэлъэгъуащ министрым, ар апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ зиIэ шэсыпIэу щытынт къуэкIыпIэ-къухьэпIэ зэхущытыкIэхэм зегъэужьыным пыщэнымкIэ.

У. Эллеман-Енсен адэкIэ жиIащ Литвам зыгуэрхэр хуегъэшэным, СССР-м и бийуэ санкцэхэр лэжьыным пыщIа Iуэхухэм а зэ1ущIэм зэрыщытемыпсэлъыхьар. Дэ датепсэлъыхьащ щытыкIэр гъэтэмэмыжа хъуа нэужь длэжьынухэм, плюралистическэ рыночнэ обществэ къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дызэрыхъуну щIыкIэм дыхэплъащ, жиIащ абы.

А махуэ дыдэм Данием и МИД-м щекIуэкIащ фолькетингым и президиумым иригъэблагъауэ а къэралым литовскэ правительственнэ делегацэр зэрыкIуам теухуа кIэух пресс-конференцыр. Нэхъапэ Iуэкlэ литовскэ делегацэр щыIащ Норвегием.

У. Эллеман-Енсен жиIащ Даниер Литвам къыщыхъукъыщыщIэхэм зереплъыр, мы зэманым СССР-м хуэгъэзауэ ныбжьэгъугъэ зыхэмылъ Iуэхугъуэ гуэрхэр лэжьыныр, зыгуэрхэр жыIэныр «зэранигъэ . къэзышэнкIэ хъуну» зэрыщытыр къыхигъэбелджылыкIащ. Ауэ абы апхуэдэуи къыхигъащащ ЕЭС-м СССР-м хуиIэ экономическэ зэхущытыкIэхэм «литовскэ Iуэхур» зыгуэркIэ зэран хуэхъункIэ зэрыхъунур. Абы къыдэкIуэуи У. Эллеман-Енсен къингъэлъэгъуащ «къуэкIыпIэ-къухьэпIэ зэхущытыкIэхэм зыкIагъуэ емытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Апхуэдэуи абы жиIащ Къухьэпlэм М. С. Горбачев и политикэм дзыхьышхуэ зэрыхуищыр икIи Литвам и Iуэхум тэмэму унафэ тещIыхьа хъунымкIэ абы куэдкIэ зэрыщыгугъыр.

Литвам щекIуэкIхэм зэреплъыр

Даниер Литвам къыщыхъукъыщыщIэхэм зереплъыр, мы зэманым СССР-м хуэгъэзауэ ныбжьэгъугъэ зыхэмылъ Iуэхугъуэ гуэрхэр лэжьыныр, зыгуэрхэр жыIэныр «зэранигъэ . къэзышэнкIэ хъуну» зэрыщытыр къыхигъэбелджылыкIащ. Ауэ абы апхуэдэуи къыхигъащащ ЕЭС-м СССР-м хуиIэ экономическэ зэхущытыкIэхэм «литовскэ Iуэхур» зыгуэркIэ зэран хуэхъункIэ зэрыхъунур. Абы къыдэкIуэуи У. Эллеман-Енсен къингъэлъэгъуащ «къуэкIыпIэ-къухьэпIэ зэхущытыкIэхэм зыкIагъуэ емытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Апхуэдэуи абы жиIащ Къухьэпlэм М. С. Горбачев и политикэм дзыхьышхуэ зэрыхуищыр икIи Литвам и Iуэхум тэмэму унафэ тещIыхьа хъунымкIэ абы куэдкIэ зэрыщыгугъыр.

Къыхэгъэщын хуейщ Бандунгскэ конференцым къищта унафэхэм IэтезыдзахэмяселоциальнэпсэукIэмрэ зыгуэрхэм зэрыщыгугъыр.

Нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ зыхуей политическэ, экономическэ зыужьныгъэм теувэну народ псоми хуитыныгъэ зэраIэм и Iуэхукlэ Бандунгскэ конференцым къыщащтауэ щыта унафэм. Апхуэдэу абы хабзэ щагъэувауэ щытащ ООН-м и уставыр сыт щыгъуи къэлъытэным сэбэп зэрыхуэхъуар.

Бандунгскэ конференцыр зэрекIуэкIрэ илъэс 35-рэ хъуащ. Абы лъандэрэ дунеим зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ, ауэ абы щгъэува хабзэшхуэхэм я мыхьэнэр ноби кIуэдакъым. Ахэр нэхъыбэу зытращIыхьар социально-политическэ псэукIэ зэмылIэужьыгъуэ зиIэ къэралхэр мамыру зэрызэдэпсэуныр. Бандунг къыщаIэта гупсысэхэр лъабжьэ хуэхъуащ ядернэ Iэщэ здэщымыIэ, залымыгъэ щыIэрамыхьэ дуней зэрауэрэуным хуэунэтIа хабзэхэм я Iуэхукlэ Индиемрэ Советскэ Союзымрэ я унафэщIхэм абы и ужькIэ илъэс щэщI дэкIауэ Iэ зытрадза декларацэм. Абыхэм дэкIуэ СССР-м Владивостокрэ Красноярскрэ къыщиIэта Iуэхухэрэри. Ахэр зытещIыхьар азиатско-тихоокеанскэ щIыналъэм мамырыгъэ быдэ щыгъэзыныр щ. А Iуэхухэм къыщыгъэлъэгъуащ мыхьэнэ ин зиIэ а къалэныр гъэзэщIэным а щIыналъэм ис къэрал псори зэгъусэу елэжьын зэрыхуейр, абы псом я дежкIи фейдэ зэрыпылъыр. Политическэ гупсысэкIэщIэм Iуэхур трищIыхьурэ, Бундунгскэ конференц зэрызэхуагъэсыр илъэс 35-рэ япэкIэ дэзыIыгъа Советскэ Союзым абы щагъэувауэ щыта хабзэхэм кIэнэ щымыIэу тетыным, азиатско-тихоокенскэ щIыналъэм ис къэралхэр шынагъуэ ямыIэу зэрызэдэпсэуным, зэрызэдэлажьэным тещIыхьауэ ахэр сыт хуэдизкIи къэгъэсэбэпыным псори къыхуреджэ.

ПЕТРОВ Алексей,
ТАСС-м и корр.

БАНДУНГ ЩАГЪЭУВА ХАБЗЭХЭР

Индонезием щыщ Бандунг къалэм щIыху мелуанрэ ныкъуэрэ дэсщ. Абы ику дыдэм дэт унэр пасэ зэманым ящIащ. Къалэм дэс дэтхэнэми абы уэзрыкIуэну щIыкIэр къыбжиэфынущ. Илъэс 35-рэ япэкIэ а унэм щекIуэкIащ Бандунгскэ конференцым хэта къэралхэм я зэ1ущIэр. Абы и щIыхькIэ мыбы музей къыщызэIуахащ.

Унэм и фойем зэ1ущIэм хэта къэрал 29-м я ныпхэр хъурейуэ къеуэкIащ. Абы зэ1ущIэм хэта лIыкIуэхэр щызэпсалъэм зыбгъэдэса стIолри щIэтщ. Абыхэм «Дуней псор мамыру зэрыпсэунумрэ зэрызэдэлажьэнумрэ сэбэп зэрыхуэхъунум и Iуэхукlэ декларацэм», нэгъуэщI документхэм-Iэ традзащ. Апхуэдэу пэшым и кум мрамор ин щIэтщ. Абы Бандунг щекIуэкIа зэ1ущIэм хэтахэм ягъэува хабзэхэр дыщэпскIэ тетхауэ тетщ. Конференцым хэтахэм къэрал, народ псори крыхураджащ а хабзэхэм тету я зэхущытыкIэхэр яубзыхуну, зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъуну.

Бандунг щагъэувэ хабзэхэм хохьэ цIыхум и хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм и уставымрэ тетын, къэрал псоми я щхьэхуитыныгъэмрэ я щIыналъэр зэрызэрыныгъэмрэ пщIэ хуэщIын, расэ, лъэпкъ псори зэрызэхуэдэр, зы къэралыр адрейм теуэ, и Iуэхухэм хэIэбэ зэрымыхъунур, сыт хуэдэ къэралми и щIыналъэр зэкъуэгъудыным е абы щынагъуэ ещIэкIыным къыпымыкIыу зэрымыхъунур къэлъытэн зэрыхуейр. А хабзэхэм къагъэлъагъуэ щIызэныкъэкъуэ международнэ Iуэхухэм мамыру унафэ тращIыхьыну, захуагъэм, зэхуэдэныгъэм, я фейдэ зыхэлъхэм тету зэдэлажьэным сыт хуэдизкIи сэбэп хуэхъуну къэрал псоми зэракъэлэныр. Конференцым къыщащта унафэхэр гъэзэщIэныр зытеухуар къэрал щIыб политическэ Iуэхухэр лэжьыным фIыуэ яужь итынырщ. Абыхэм хохьэ колониализмэм и Iэхъулъэхъухэм къаIэщIэкIа къэралхэм я щхьэхунтыныгъэр хъумэныр, мамырыгъэр гъэбыдэныр, народхэм щынагъуэ ямыIэныр.

Къыхигъэщын хуейщ Бандунгскэ конференцым къищта унафэхэм Iэ тезыдзахэм я социальнэ псэукIэмрэ зытет къэрал щIыб политическэ гъуэгумрэ зэтемыхуэ пэтми, ахэр Африкэмрэ Азнемрэ щыщ къэралхэм я сэбэп зыхэлъхэм езыгъэу зэрыщытар, мамырыгъэ политикэм и мыхьэнэр къэIэтыным сэбэп зэрыхуэхъуар.

Абы щыгъуэми зэ1ущIэм хэтахэм декларацэм иратащ мамырыгъэм, зыужьныгъэм, щхьэхуитыныгъэм, международнэ щынагъуэншагъэм егъэщIылIа Iуэхухэр зэгуэхыпIэ ямыIэу зэрызэпыщIар. Абыхэм къэрал псори кыхураджащ Iэщэу, дзэуэ яIэр гъэмэщIэным хуэунэтIауэ яхуэзэфIэкI псори ялэжьыну. Апхуэдэу абыхэм жэрдэм къаIэтащ щIыху куэд зэтеукIэным хуащI сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэри къыщIагъэкIыу, ягъэунэхуу, къагъэсэбэпу яхуэмыдэным, ядернэ Iэщэр къутэжыным, ядернэ къарур мамырыгъэ мурадкIэ фIэкIа къэмыгъэсэбэпыным теухуауэ.

Нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ зыхуей политическэ, экономическэ зыужьныгъэм теувэну народ псоми хуитыныгъэ зэраIэм и Iуэхукlэ Бандунгскэ конференцым къыщащтауэ щыта унафэм. Апхуэдэу абы хабзэ щагъэувауэ щытащ ООН-м и уставыр сыт щыгъуи къэлъытэным теухуауэ.

Бандунгскэ конференцыр зэрекIуэкIрэ илъэс 35-рэ хъуащ. Абы лъандэрэ дунеим зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ, ауэ абы щагъэува хабзэшхуэхэм я мыхьэнэр ноби кIуэдакъым. Ахэр нэхъыбэу зытращIыхьар социально-политическэ псэукIэ зэмылIэужьыгъуэ зиIэ къэралхэр мамыру зэрызэдэпсэуныр. Бандунг къыщаIэта гупсысэхэр лъабжьэ хуэхъуащ ядернэ Iэщэ здэщымыIэ, залымыгъэ щыIэрамыхьэ дуней зэрауэрэуным хуэунэтIа хабзэхэм я Iуэхукlэ Индиемрэ Советскэ Союзымрэ я унафэщIхэм абы и ужькIэ илъэс щэщI

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

ТВ

Апрелым и 26

Япэ программэ. 6.30—«Дакъикъи 120-рэ». 8.35—футбол. Ирландиемрэ СССР-мрэ я командэ къыхэхахэр. Ныбжьэгъугъэ зэ1ущIэ. 10.15 — мультфильм. 10.25 — «Дунеяпльэ къэзыкIухьэм я клуб» 11.25— сабийхэм хуэхаха сыхьэт. 12.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 12.30 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — концерт. 16.35 — «Щ1эныгъэм щыхъыбархэр». 17.20 — тат народнэ уэрэдхэр. 17.45 — «...Илъэс пщыкIух ныбжьым итхэм, нэхъыжьхэм папщIэ». 18.30 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 19.05 — балигъхэм папщIэ мультфильмхэр. 19.15 — хоккей. Дунейм и чемпионат. Чехословакиемрэ Швециемрэ я командэ къыхэхахэр. ЕтIуанэ, ещанэ лъэхъэнэхэр. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 22.00 — хоккей. Дунейм и чемпионат. СССР-мрэ Канадэмрэ я командэ къыхэхахэр. 00.30 — хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ.

ЕтIуанэ программэ. 00.00 — «Чернобыль» сыхьэт 24-кIэ ягъэлъагъуэ телемарафон.

Щ1ыпIэ программэ. 00.00 — «Чернобыль» сыхьэт 24-кIэ ягъэлъагъуэ телемарафон.

Апрелым и 26

7.30—7.35 — газетым итхэр. 7.45 — «Гъэзэщ1эр зыхуей хузгъэзэным егугъуэ». Аруан районым Кировым и цIэкIэ щыIэ колхозым кратыкI. 7.55—8.00 — музыкэ. 18.00 — хъыбарыщ1эхэр. 18.15—18.45 — «Лъэужь дахэ». Народнэ музыкант Щауэжь Э. теухуауэ.

Дунейм и щытыкIэнур

Нобэ республикэми текIыу, уэфIу щыщытынущ. Налшык къали пшэр техьэ — 18—20 щыхъунущ. Налшык къали пшэр техьэ Хуабэр 17—22-рэ, Налшык

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ Ленинym и цIэкIэ щыIэ урам. 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор — 2-21-64
приемнэм — 2-22-89
редакторым и заместителхэм — 2-22-81, 2-21-86
ответственнэ секретарым — 2-22-82
секретариатым — 2-26-41, 2-85-49

ОТДЕЛХЭР:
парт лэжьыгъэмкIэ — 2-22-66, 7-32-15
идеологиемкIэ — 2-60-53, 2-21-88
экономикэмкIэ — 2-57-59, 7-22-63
социальнэ Iуэхухэмкlэ — 2-22-86, 7-31-54
культурэмкIэ — 2-22-83, 7-31-69
хъыбарыщ1эхэмкIэ — 7-31-57
письмохэмкIэ — 2-68-31
жэщ редакцэм — 2-63-61
корректорхэм — 2-60-27
газет цехым — 2-35-60

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00607 Заказ № 3492